

Espas Ant Sèt Aj Legliz Yo Avèk So Yo

63-0317E

Branham Tabènak, Jeffersonville, Indiana, USA

1 Bonswa, zanmi. Son-son gwo privilèj pou m tounen la a nan kay Seyè a, aswè a, nan sèvis la, e toujou ap viv de-de laman ke nou reseswa maten an, alò ke nanm nou yo te tèlman beni abondaman pa Prezans glòrye Li. E kounye a, aswè a, nou gon... nou pral kòmanse sou sijè: *Espas Ant Sèt Aj Legliz Yo Avèk Sèt So Yo*.

2 E m te fèk ap pale, aprèmidi a, ak on zanmi. E petèt, si Seyè a vle, on lè ete sa a, si L pa mennen m Lakay la, ouben-ouben, m jwen okazyon tounen, m pa vwayaje oswa on bagay, m ta renmen frape ankò sou sèt dènye Twonpèt yo, nou wè. E yo tout konekte ansanm. E-e apres a gen sèt dènye Kalamite yo nan sa a. E yo tout melanje ansanm, jan nou pral wè l pi devan.

3 Alò, aswè a, pandan ke nap kalme nou on ti kal... M ka petèt jis on ti jan long aswè a. Menm avèk... Osito ke m tounen isi a, bon... Tout predikasyon ke m fè Phoenix, m pa janm on sèl fwa menm pèdi vwa m, nou wè. Se vre. Epi, oh, jan m preche fò! E pou, m kwè, se te ven-sèt sèvis, san m pa pèdi vwa m. Men se klima a isit la, nou wè. Jis tou senpleman, li jis malsen isit la, jis yon vale. Se jis on move kondisyon isit la, epi, pou sante w, nou konn sa m vle di, li-li-li malsen. E nenpòt predikatè gen yon... ki preche, yo gon gòj sansib, pou kòmanse.

4 Yon-yon doktè ki zanmi m te gade gòj mwen, yon lè, pou wè kisa ki pat bon. Li di: "Anyen." Li di: "Ou jis gen ti mas sou kòd vokal ou la a." Li di: "Sa se poutèt wap preche." Eben, mwen-mwen-m on ti jan renmen sa, nou konnen. Sa te fè m santi m pi byen, toutotan ke l ka atribiye a preche, nou wè. Tout bagay ap anfòm, pou Wayòm Bondye a.

5 Kounye a, petèt ke nou pap ka pote sou kò nou mak Je-... Jezikri, menm jan Pòl te fè l, lè yo te bat li. Men nou ta ka pote mak nou lè nap preche e ke nap elve vwa nou kont bagay yo ki mal. Alò, nou rekonesan ke nou pa bezwen pran baton ankò, espesyalman jouk koulye a. Alò nou-nou...

6 Konbyen isit la ki li *Ki lè li fè, Msye?* Oubyen, ki tande l, nou konnen, *Ki lè li fè, Msye?* Sa deranje m anpil. Si nou pa fè l, m swete, on jan, si nou te ka jwenn on fason pou tande l. Li on ti jan deranje m. M te vle jis lage sa a anvan m kòmanse sèvis la. Apeprè-apeprè yon semèn oswa dis jou de sa, m te tèlman boulvèse. M te jis... Mwen-mwen-m jis pat, m pat vle preche ou anyen, paske mwen-m pat konnen l. Li te sanble tankou li te ka on bagay ki pat bon, e m pat konnen egzakteman sa l te ye. Alò mwen...

7 Yon maten byen bonè, m leve, pou monte nan Canyon Sabino an. Ki, depi kay la, li jis apeprè on trant minit woule jiska... oswa karant, jiska tèt Canyon Sabino an, apres a gon chemen ki long de senkant kilomèt, ki monte nan montay la.

8 Son peyi etranj, anlè a. M ka la nan dezè a, kote li fè vennsèt a tranntwa degre sèlsiyis, kounye a, epi nan trant minit ou nan wit pye nèt, sou tèt montay la. Nou te Phoenix, jis resaman, kote te fè mwens de on bagay, mwens de degre sèlsiyis. Yo te gen pisin chofe, epi moun tap benyen. Epi apeprè karant minit ap woule machin sot la, li te fè karant anba zewo, nan Flagstaff. Nou wè? Sa se diferans ki genyen ant kouran lè kap monte epi dezè a. E li trè sen pou asmatik yo, e ensidswit.

9 Men, kounye a, m monte nan kanyon lan, e m grenpe osi wo ke m te kapab. Epi mwen-mwen-m mande Seyè a, pandan ke m te chita anlè a, kisa tout bagay sa te vle di, e ensidswit. M te on ti jan twouble, e m pat konn kisa pou m te fè.

10 E alò pandan ke m tap lapriyè, on bagay etranj rive. Mwen-mwen-m vle onèt. Bon, m te ka nan dòmi. Li te ka tankou an trans, ouben li te ka on-on-on vizyon. Mwen plis ou mwens kwè ke se te yon vizyon. Ke, men m te leve, m tap di: "Seyè, kisa eksplozyon sa vle di? Epi kisa sèt Zanj sa yo nan yon konstelasyon an-an fòm piramid, ki leve m de tè a e ki tounen vè lès, kisa sa vle di?"

11 M te kanpe la, an priyè, e on bagay rive. E, la a, gon bagay ki tonbe nan men m. E m konnen, si nou pa konprann bagay espiyèl, sa ka parèt trè etranj. Men gon bagay ki frape nan men m. E, lè m gade, se te yon epe. E manch lan te fèt ak pèl, pi bèl pèl ke m janm wè. Epi rebò ant lam lan e manch lan, nou konnen, kote... m devine se sa ki te anpeche yo koupe men w, nou konnen, pandan wap... moun yo-yo tap batay, li te an lò. Epi lam sab la pat twò long, men li trè file tankou tankon razwa; e l te an ajan klere. E se te pi bèl bagay ke m te janm wè. Li te egzakteman mezi men m. E m tap kenbe l. M te di: "Ala bèl!" M te gade l. E m te panse: "Men, nou konnen, m te toujou pè epe." M te on ti jan kontan ke m pat viv nan epòk lè nou te konn sèvi avè yo, paske mwen-m pè kouto. Alò mwen-m te panse: "Kisa m ta ka fè ak sa?"

12 E pandan ke m tap kenbe l, nan men m, on Vwa ki sot on kote di m: “Sa se epe Wa a.” E apres a li kite m.

13 Eben, mwen-m mande m sa sa vle di: “Sa se epe Wa a.” E m te pande: “Si L te di, ‘epe on wa,’ petèt ke me te ka konprann. Men L te di, ‘epe Wa a.’” Alò petèt ke m pa byen konprann, men m te panse: “Gen jis Youn ki Wa a, se Bondye. E Sa a se epe Li, ‘Pi file pase yon kouto de bò,’ nou wè. ‘E si w rete nan Mwen, e Pawòl Mwen...’” Nou wè? Epi mwen-m te panse...

14 Nan yon batay, nou wè, e jan m kon-... m pa konprann on mo nan sa, men, ouben on sèl règ nan batay. Men, pou sa m konprann, kouto ap frape ant yo. E apre, finalman, epe a - a, si yo bloke, lènmi a ou men m epe nou bloke, *konsa*, lè a sa pran fòs moun lan kap batay. Paske, nou wè, epe li pral pwente nan kè mwen, epi pa m lan a pal, men yo bloke, pandan ke kouto nou tap frape youn lòt. E apre yo frape, lè a epe yo vin ansanm. Epi li menm ki ka pouse lòt la atè, epe a dirèk nan kè a. Alò sa pran...

15 Men m si epe a se Pawòl la, sa pran on men solid ki gen lafwa pou kenbe L la, pou mennen L nan kè lènmi a. Kounye a, m pa konn bagay sa yo, men senpleman... Tout sa m resevwa de Li, ke m ka di, m di nou li. Pou nou ka konnen, m kwè ke se... Èske se pa Seyè nou ki di, ke tout sa l te resevwa de Papa a, Li te di l, san kenbe anyen? Epi-epi alò, nou vle fè bagay sa yo jan yo vini. Kounye a, si w vle vrèman saj, e lapriyè, m si ke wap konprann on bagay trè byento, bon, on bagay ke m espere ki pral revele.

16 Kounye a, nan Liv sa a, annou tout tounen kounye a a-a chapit 5 de Liv la ki rele Revelasyon Jezikri a.

17 Kounye a, demen swa se Premye So a. Kote kat premye So yo louvri, pa kat kavalye, youn sou chak So ki frape latè a. E apre, petèt ke, yo pap long, nap wè yo apeprè disi...Lendi, Madi, Mèkredi, disi Jedi. Apresa, m sipoze ke, nan Sizyèm... e Senkyèm, Sizyèm, e Sètyèm So, yap pwobableman trè long. Alò, petèt ke sa pral bannou on ti tan pou pran ti repo.

18 Nou planifye kòmanse sevis yo isi a, m kwè, a sèt è nan aswè lasemèn. E map sou platfòm lan, a sèt è trant, egzakteman. E lè a, sa ka kite nou soti vè minwi. Alò-alò, mwen-m te depase de inè, maten an. M pat vle fè sa, m jis... M pa konn ki lè.

19 Paske, m pa konn kisa premye kavalye a ye. M pa konn Dezyèm, Twazyèm, Katryèm, Senkyèm, Sizyèm, ou Sètyèm So. Mwen, jiskaprezan, m pa konnen. Nou wè? M jis depann de Li. Alò se poutèt sa, map eseye semèn sa a, avèk gras Bondye pou ede m, m kwè ke, si nou konprann pwofondaman.

20 Nou konnen, nan vizyon yo, ou pa ka revele bagay yo jiskaske ou otorize revele l. Konbyen fwa nou tande m di: “M al nan yon kay, petèt on chapo ap poze *la a*. E timoun sa a an kesyon, e ensidwit, li pap geri jiskaske chapo a pa poze *la a*.” M pa ka di yo, ni mwen pa ka plase l *la a*. Fòk li plase *la a*, nan on lòt jan. On lòt moun dwe pran l e deplase l. E, tout bagay dwe an lòd, lè a l ka revele.

21 Alò kounye a rete an priyè. Kounnye a, jis anvan nou apwoche Liv la, annou pale avè L, avèk tèt nou bese.

22 Seyè Jezi, nou tout ansanm ensifizan. Nou pa ta eseye, pyès fason, apwoche Liv sakre sa a, nan è sa a ki trè sen kote nanm yo sispann nan destinasyon tan an, san nou mande, Seyè, ke, Sèl la ki ka revele Liv sa a, ke L vanse kounye a, pou beni ti efò sèvitè W. Beni Pawòl la alò ke Li pral prononse. Ke L vini nan pwisans Lespri a. E ke tè esprityèl la... sa yo ki grangou e ki swaf pou konnen jistis e pou konnen volonte Bondye, ke L tonbe nan yo e pwodwi espès Li. Akòde l, Seyè. Tout lwanj ap pou Ou. Ke sa a ki grangou e ki swaf jwenn manje ak on bagay pou bwè, aswè a, nan Pawòl la. Nou mande l nan Non Jezi, Li an ki revelasyon an ye. Amen.

23 Bon, kounye a nou pral pran Chapit 5 lan. Kounye a, sa se pa Sèt So yo. Se espas ant aj egliz yo avèk Sèt So yo. Kounye a, gen on chapit 6 tou...

24 E te gon chapit 4, pito, nan Apokalips, epi, nan sa, li on ti jan revele on bagay ki pral pase apre anlèvman Legliz la. Ke, Legliz la monte nan chapit 3 a nan Apokalips, e li pap tounen anvan chapit 19 nan Apokalips. Nou wè? Se poutèt sa, Legliz la manke Tribilasyon an. M konnen sa a kontrè ak-ak prèske tout anseyan a kiyès mwen pale. Men mwen-mwen-m pa vle dezagreyab. Mwen-m vle frè nou, men mwen-m dwe anseye nou jan m ka wè Li. Si m pa fè sa, m pa ka mete L ansanm, nou wè. E kounye a, ke L monte anvan Tribilasyon an ou apre Tribilasyon an, m vle monte avè L. Sa se bagay esansyèl la.

25 Alò, bagay sa yo nou-nou jis ap prezime, paske, m san edikasyon, m itilize tip. M gade e m wè sa li ye, oubyen sa li te ye nan Ansyen Testaman an, ki son tip oswa on lonbraj de Nouvo a, lè a m gon lide kisa Nouvo a ye. Nou wè? Tankou si... Noe te antre nan ak la anvan tribilasyon te kòmanse, on tip; men menm anvan Noe, nou wè, te antre nan ak la, Enòk te monte, nou wè, anvan anyen te rive. E yo te rele Lot soti Sodòm anvan on ti tras tribilasyon, destriksyon; men Abraram te, toujou, andeyò. Nou wè, de tip.

26 Men kounye a nou pral li vèsè 1. M pral li de premye oswa twa vèsè yo de Li.

Aprè sa, mwen wè yon liv nan men dwat moun ki te chita sou fòtèy la. Liv la te gen fòm yon woulo papie, li te ekri sou anndan ak sou deyò. Li te sele sèt kote.

Mwen wè yon zanj ki gen anpil fòs ki t'ap pale byen fò. Li t'ap di: Ki moun ki ka kase sele yo pou louvri liv la?

Men, pa t' gen pesonn ni nan sièl la, ni sou tè a, ni anba-ni anba tè a, ki te kapab louvri liv la, pou wè sa ki te ladan li. (Ala yon Liv!)

Mwen t'ap kriye anpil, paske pa t' gen pesonn ki te kapab louvri liv la pou gade sa ki te ladan li.

27 Kounye a, wap pale de endiyite? “Pa menm diy pou gade L; okenn moun, okenn kote.”

Lè sa a, yonn nan granmoun yo di mwen konsa: Pa kriye. Gade. Men lyon ki soti nan fanmi Jida a, pitit pitit David la, ki te genyen batay la. Li ka kase sèt sele yo pou louvri liv la.

Mwen wè yon ti Mouton kanpe nan mitan fòtèy la, nan mitan kat bèt vivan yo,... ak granmoun yo. Ti Mouton an te tankou yon mouton yo te touye deja. Li te gen sèt kòn ak sèt je nan tèt li: se te sèt Lespri Bondye te voye toupatou sou latè.

Ti Mouton an pwoche, li pran liv la nan men dwat moun ki te chita sou fòtèy la.

28 Nap fè on ti kanpe isi a pou on ti moman, sou lekti Apokalips 5, rive nan vèsè 7.

29 Liv Sèt So sa a revele nan moman Sèt Tonè yo nan Apokalips 10, kounye a, si nap pran nòt. Annou pran Apokalips 10 , jis yon moman, konsa ou ka konprann li, anvan nou rive nan li. Koulye a, sa a se nan fen tan an. Bon, tandè:

...Aprè sa, mwen wè yon lòt zanj ki te gwonèg anpil desann soti nan sièl la. Li te vlope nan yon gwo nwaj ak yon lakansièl... kouwonnen tout tèt li,...

30 Si nou remake, se Kris, nou wè. Paske, Li, nan Ansyen Testaman an, Li te rele Anj Alyans lan. E Li vini dirèkteman a Jwif yo kounye a, paske Legliz la fini. Nou wè? Ok.

...Figi l'... te tankou solèy la. De janm li yo te tankou de gwo flanm dife:

31 Nou sonje Anj sa a, nan Apokalips 1? Menm bagay. On Anj son”mesaje”. E Li se Mesaje Izrayèl. Nou wè? Legliz la te anlve, nou wè, kounye a, oswa Li sou pwèn pou L anlve. Li vini pou Legliz Li. Kounye a gade.

Li te kenbe yon ti liv louvri nan men li:...

32 Kounye a, *isi* a, Li te fèmen *isi* a epi sele; e *isi* a Li louvri. Li vin louvri. Depi tan sa ke L te sele, nap antre nan sa aswè a, kounye a Liv la louvri. "On ti Liv nan men Li, nan... Li te louvri. Oh, jan solèy la, tankou kolòn..." Tann jis on minit. Kite m kòmanse *isi* a pou m li.

Li te kenbe yon ti liv louvri nan men li. Li mete pie dwat li sou lanmè, pie gòch li sou tè fèm.

Li pran rele byen fò tankou yon lyon k'ap gwonde:...

33 Nou konnen Li se Lyon branch fanmi Jida a. La a Li se Anyo a; men *isi* a Li se Lyon an. Nou wè?

... Lè li fin rele, sèt tonè yo pran gwonde reponn li.

34 Kounye a, Jan te komisyone pou ekri sa l te wè, alò apòt la, e pwofèt, pran plim li pou ekri L.

Fini yo fin pale, mwen tapral ekri sa yo te di a, lè m' tandè yon vwa nan sièl la ki di m' konsa: Sa sèt tonè yo sot di a, se yon sekrè pou ou kenbe. Pa ekri li.

35 Kounye a, se sa nou pa konnen. Sa poko revele. Li pa nan Sent Ekriti yo, sa Tonè sa yo di.

Aprè sa, zanj mwen te wè kanpe sou lanmè ak sou tè fèm lan leve men dwat li nan sièl, (kounye a tandè)

Li fè sèman sou non Bondye k'ap viv pou tout tan an, Bondye ki fè sièl la ak tou sa ki ladan l', tè a ak tou sa ki ladan li, ansanm ak lanmè a ak tou sa ki ladan li... Zanj lan di:... Yo p'ap bay dèl ankò.

36 Gade! Men yon vèsè kote m vle rive.

Men lè setyèm zanj lan va pran kònen klewon l' lan, Bondye pral fè sa li gen pou l' fè dapre plan travay li te kenbe sere nan tèt li a, jan l' te fè pwofèt ki t'ap sèvi l' yo konn sa.

37 Ebyen, gade, mistè liv Sèt-So sa a ap revele lè mesaj setyèm zanj legliz la sonnen. Ou wè? "Setyèm zanj lan kòmanse sonnen," e gen mesaj yo ki te ekri la ba a, epi nou te resevwa sou fòm bann ak liv. Koulye a, "Nan kòmansman son mesaj la, mistè Bondye a ta dwe fini, ou wè, nan moman sa a." Koulye a, nou pral remake. Liv mistè Bondye a, pa t revele jiskaske mesaj setyèm zanj lan te sonnen.

38 Kidonk, pwen sa yo pral enpòtan nan So yo, M sèten, 'paske sa dwe, chak ti bout yo, mare ansanm.

39 Bon, Li te ekri misterye, paske okenn moun, okenn kote, konnen li. Bondye sèl, Jezikri, Ou wè. Koulye a, men se ... Se yon liv, yon liv misterye. Se Liv Redanmsyon an. Nou pral rive sou sa, nan yon ti moman. E koulye a nou konnen Liv Redanmsyon sa a pap totalman byen konprann; Li te sonde, atravè sis laj legliz yo. Men, nan fen an, lè setyèm zanj lan kòmanse sonnen mistè l yo, li anchennen tout bout yo avèk sa kanmarad yo te examine yo nan. Epi mistè yo te vin de Bondye, menm jan ak Pawòl Bondye a, revele revelasyon Bondye an antye, kidonk Divinite a ak tout lòt bagay yo te regle. Tout mistè yo, semans sèpan an, ak kèlkeswa sa k gen ankò a, dwe revele.

40 Koulye a, ou wè, M jis pap imajine m sa. Se sa l ye ... Se ENSI DI Seyè a. M pral li l nan liv la pou ou "Lè setyèm mesaj sonnen mesaj li a, mistè Bondye a ta dwe fini, ki te deklare pa pwofèt sen l 'yo,"se sa ke sen pwofèt li yo te deklare, se pwofèt sa ki te ekri Pawòl la. Lè lanj setyèm laj legliz la sonnen, dènye laj legliz la, tout sak te gen pou fèt yo, ki atravè laj legliz sa yo te sonde, pral anroule ansanm.

41 Epi lè so yo te brize, epi mistè yo te revele, zanj lan te desann, Mesaje a, Kris, li mete pye l sou tè a ak sou lanmè a, ak yon lakansyèl sou tè li. Koulye a, sonje, setyèm zanj sa a sou latè nan moman lap vini an.

42 Jis pandan ke jan t ap bay mesaj li a, menm lè a Mesi a te vini nan jou sa yo. Jan te konnen li tap wè l, paske l te pral prezante l.

43 Epi nou reyalize ke, nan Ekriti yo, nan Malachi 4, ap gen youn tankou Jan, yon — yon Eli ki se sila ke Pawòl Bondye ap vini. Epi li dwe revele, pa Sentespri a, tout mistè Bondye yo, epi retabli lafwa timoun yo nan lafwa papa apostolik yo, retabli tout mistè sa yo ki te sonde, atravè ane denominasyonèl sa yo. Epi, se sa ke Pawòl la te di. M jis responsab pou sa l te di. Gade? Li-Li ekri, se sa. Se sa l ye.

44 Kounye a, nou wè Liv sèt-so sa a,eyen, se mistè redanmsyon an. Se yon Liv redanmsyon, ki vin de Bondye.

45 Koulye a, tout mistè yo, nan moman sa a, ta dwe fini kan mesaj a emèt mesaj li. Bon, men anj lan sou tè a; epi"yon lòt" anj, vanyan mesaj, desann. Ou wè, anj sa a te yon zanj terès, yon mesaj; men youn la a ki sot nan syèl vini Youn desann soti nan syèl la, yon alyans lakansyèl, ou wè, se pat ka lòt ke Kris.

46 Jis egzateman jan sa te ye nan Revelasyon an, 1ye chapit la, "Kanpe nan mitan sèt chandelye annò yo, avèk yon lakansyèl, konparab ak pyè jas ak sad."

47 Epi la a Li retounen tounen, nan 10yèm chapit la, apre ke lè a te rive pou ke tout mistè yo te dwe fini e So yo dwe brize, pou l pwoklame ke , "Pa rete Tan ankò." Apre sa, li di, "Lè setyèm anj lan kòmanse sonnen, lè sa a mistè a ta dwe fini, e lè pou anj lan parèt." Nou pre, yon kote. dakò. Koulye a remake.

48 Sèt So yo kenbe mistè Liv la. Jiskaske nou ka wè nan kisa sèt So sa yo te sele, nap sèlman sipoze bagay sa yo. Paske, jan m te di w la, maten an, nan ti mesaj mwen an maten an, Bondye kache nan senplisite. Ou wè, nou-nou se ... Nou sèten ke na p manke bagay la sof si Li se absoliman, veritableman revele pa Sentespri a, epi konfome menm jan an. Ou wè? Si pwofèt la parèt, li di w ke Se jis sa, epi Bondye pa konfime l menm jan an, bliye sa. Ou wè? Men Bondye, nan chak deklarasyon, nan chak bagay, oblije konfime l, pou rann li jis. Ou wè? Konsa, pitit li yo ap gade bagay sa yo, ou wè, epi yo pral vijilan, wa remake.

49 Sèt So sou Liv la, te gen ... Sèt So sa yo te sele Liv la. Gade? Liv la te konplètman sele. Èske w wè l? [Asanble a di, "Amèn." - Ed.] Liv la te yon liv sele konplètman jiskaske sèt so yo brize. Li te sele ak sèt So. Epitou, sa a, sa te diferan de sèt Tonè yo. Ou wè? Sa a se sèt So yo sou liv la. Liv la pa pral, So yo pa pral louveri jouk mesaj setyèm anj lan. Ou wè? Konsa, nou-nou ap sipoze; men revelasyon otantik Bondye a ap vin pafè nan Verite kap sonnen e konfime sa a. Kidonk, se egzakteman sa Pawòl la di, "Mistè a ta dwe fini nan tan sa a."

50 Epi Liv sèt-so sa a, sonje, Li te fèmen la a, nan Revelasyon chapit 5 la, e nan Revelasyon chapit 10 la Li louveri.

51 Epi koulye a nou pral wè sa Liv la di sou fason li vin louveri. Epi yo pat konnen l jiskaske Ayo a pran Liv la, epi brize so yo, louveri Liv la. Ou wè? Ayo te fèt pou te pran liv la.

52 Li te kache. Koulye a sonje, "Okenn moun nan syèl la, okenn moun sou tè a," Pap, evèk, kadinal, presbiteryen leta, oswa nenpòt moun li ye, "ka brize So sa yo, oswa revele Liv la, sof Ayo a." Epi nou te sonde, e sipoze, epi bite, e ap mande, e-e se rezon ki fè nou tout nan yon tèl konfizyon.

53 Men ak pwomès divin an Liv Redanmsyon sa a Ayo a pral louveri li pafètman, epi So yo ki anndan l yo pral libere pa Ayo a, nan dènye jou ke n ap viv kounye a. Epi yo pat konnen l jiskaske Ayo a pran Liv la e brize so yo. Paske, sonje, Liv la te nan men Sila ki te chita sou Twon lan. "Epi Ayo al jwenn moun ki te chita sou Twon la, e l pran liv la nan men dwat li." Pran Liv la! Oh, sa a pwofon. Nou pral eseye rezoud li si n kapab, avèk èd Sentespri a. Koulye a nou depann de li. Apre sa nou pral wè, pita, li se nan fen tan an, "Lè tan te fini."

54 Okenn denominasyon pa gen dwa entèpretasyon Liv la. Okenn moun pa gen dwa entèprete Li. Se Ayo ki entèprete l. Epi se Ayo a Mouton an ki pale l, epi Ayo a fè konn Pawòl la, lè l konfime l epi mennen Pawòl la a lavi. Ou wè? Egzakteman! Remake. Epi li pat devwale jiskaske ...

55 Liv sa a pa revele jiskaske laj legliz la ak laj denominasyon yo te fini, "epi pa gen tan ankò." Ou wè li? Li te sèlman revele apre laj legliz yo ak laj denominasyon yo te fini.

56 Se rezon sa a ki fè bagay sa a nan yon tèl enkonzyans aswè a. Ou wè, yo ranmase yon ti doktrin, epi yo prese ale yon bò, pou di, "Sa a se sa!" Yon lòt ranmase yon lòt doktrin, kouri al yon lòt bò, pou di, "Sa a se sa!" Epi chak moun bati yon denominasyon anba l, jiskaske nou abouti ak dè santèn de denominasyon. Men, toujou, nan tout sa, nan konfizyon sa a, moun yo ap mande, "Ki sa ki verite a?" Si sa se pa jis kondisyon an jodi a!

57 Men apre sa Li pwomèt, ke, "Lè tan sa a fini, pral gen vwa setyèm anj lan kap sonnen, e answuit liv la pral revele, ou wè, nan tan sa a."

58 Kounye a, pa di, pèsonn, "Moun sa yo pat sove nan moman sa a."

59 Men, mistè yo, ke yo pa t 'kapab konprann nan! Ki jan Bondye te ka twa e, ankò, li se youn! Ki jan ekriti nan Liv la ka di, "Batize nan non Papa a, Pitit, Sentespri," epi vire annon e di "Batize nan non Jezi." Ou wè? Oh, pakèt bann bagay! Ki jan Èv ka manje yon pòm epi kòze—aneyantisman lemonn antye a? Ou wè? Ki jan bagay sa yo ka fèt? Men mistè sa yo te pwomèt pou revele nan fen tan an.

60 Se yon ti, dènye detay ke... Gran vanyan gèye sa yo te vini sou sèn nan, tankou Irene, ak Maten, Sen Maten, ak Polycarp, ak diferan lòt yo, ak Luther, ak Wesley, ak tout bagay sa yo. Ou wè? Tankou Kouman yo te vini epi jis viv lontan ase pou-pou pote yon limyè e fè l briye, men yo kite anpil bagay nan-nan tenèb. Laj panntkotist la te rive, menm jan ak Laj Literyen, epi yo te vin an mank de manb yo. Men ankò, dakò, pa di yo pa t gen rezon. Yo te gen rezon. Men te gen ti feblès, ke yo pa ka eksplike. Men apre sa nan ... Poukisa? So yo pat ko brize, pou byen revele ki sa bagay sa yo ye. Ou wè?

61 Men lè sa a, nan dènye laj la, tout mistè sa yo dwe rezoud epi pataje. Epi So yo dwe louveri pa Ayo a, epi revele a Legliz la, epi apre pap gen tan ankò. Ou wè? Al yon bèl bagay! Lè sa a, Liv la, alòs, se yon Liv Redanmsyon. Depi Lè sa a, Lap avanse ...

62 Epi n ap vin avè l, pita, ki jan san karant-kat mil yo te antre, elatriye. Dakò. Sa a se jwif.

63 Bon, kounye a, Pòl. Ann li yon ti kras. M jwenn kèk nan Ekriti sa yo, e M panse nou ta dwe - li yo. Koulye a, ann al nan; Pòl, nan Efezyen 1.

64 Anpil nan sa m wè yo ap ekri. Yo te gen kaye yo l epi ap ekri Ekriti yo, note yo nan Bib yo, pou yon swuivi. Konsa, sa a-sa a se byen. Mwen renmen lè w fè sa, epi lè w al lakay ou wa etidye l. Ou wè? Epi-e si w etidye l, ou menm, ansuit, ou pral-ou pral konprann li pi byen. Ou wè? sèlman etidye l, epi mande Bondye pou ede w konprann.

65 Kounye a, ann li yon-yon ekriti mwen te note isit la. Efezyen 1:13 ak 14, kounye a. Nan sila ke nou kwè tou, apre ke nou te tande pawòl verite a, ak levanjil delivrans ou a: nan sila ... ke nou kwè nan li a, nou te sele avèk Sentespri pwomès la, ki se gaj eritaj nou an jiskaske redanmsyon posasyon ki te achte a, nan lwanj glwa li. Ou wè?

66 Kounye a, pandan ke nou te gen Ekriti yo louvri, ann nou ... ou wè, Sentespri a isit la, Li menm, se yon So. Sentespri a se yon so. Ak yon So vle di (ki sa?) Yon travay ki fini, Sentespri a ki se yon So pou endividi a. E endividi sa a, lè l resevwa Sentespri a, Alòs tan plenyen n fini, ou wè, paske se yon travay ki fini.

67 Tankou, M te konn travay pou konpayi tren an, epi nou te konn chaje kamyon bwat ak pakèt bwat ak diferan bagay ki soti nan faktori kap anbwate. Epi, men, alòs, anvan kamyon sa a te ka sele, enspektè a vin fon on tou, pou wè si machin sa a te byen chaje. Si se pa sa, [Frè Branham bat men l yon sèl fwa - Ed.] Premye fwa li fè presyon sou li ak yon bagay, li ta dispèse bagay la epi kraze l', epi - epi konpayi tren an tap responsab. Ebyen enspektè sa a ta teste tout bagay, pou wè si l te byen an plas. Si sa pat fèt, li te kondane machin lan. Alòs, nou ta gen poun refè tout bagay ankò, jouk enspektè a te satisfè. Epi apre ke enspektè a te satisfè, li fèmen pòt la. Enspektè a fèmen pòt la. Epi enspektè a mete yon so sou li, e a Lè l fini pesonn pa ka brize so sa a jiskaske l rive nan destinasyon l yo.

68 Se sa Sentespri a te gen pou l fè. Ou wè? Li ale epi l enspekte. Se rezon sa a ki fè w pa ka gen bagay sa yo epi ... Ou di, "M te pale an lang, epi M rele byen fò, epi mwen danse nan Lespri." Sa pa gen anyen pou l wè ak sa. Ou wè? Sentespri a enspekte moun sa jiskaske li totalman satisfè epi l konnen ke yo ladann.

69 Kidonk, yo te sele pou destinasyon Etènèl yo. Pa gen anyen ki ka janm brize so sa a. Bib la ... Ou ap note ekriti ou a. Efezyen 4:30, te di, "Pa fè atriste Sentespri Bondye a, pa limenm ke nou sele jouk jou Redamasyon w lan." Retni mo sa a, "Delivrans," ou wè. Jouk jou Liv Redanmsyon an te revele, epi Redanmtè a vin reklame posasyon l! Pa gen anyen ki ka fè l. Ou wè? "Pa atriste l." Rete ... Fè bagay ki fè Bondye plezi, paske Liv la sele, kounye a, epi w sele. Sentespri a, li menm, se So a.

70 So vle di ... Ebyen, se mo M te jwenn nan diksyonè a. So vle di yon "travay ki fini." Men lè Setyèm So a brize, mistè Bondye a ki sele nan So yo misterye sa to te fini. Jouk jou sa a ke So sa a te brize, e apre, li te revele sa k anndan Li.

71 Si nonm lan ap mande ki sa k nan kamyon bwat sa a, li di, "Te sipoze gen tèl-e- tèl gagay la a. Li te d we la a. " Li tap sipoze. Men lè so yo te brize, epi pòt la louvri, nou wè anndan l alòs, epi wè egzakteman sak la a. Ou wè li? Epi sa pral fèt sèlman nan fen tan.

72 Lòt bagay la siyifikasyon yon, se "pwopriyetè." Ou wè, So a gen yon mak sou Li, ki montre pwopriyetè a. Lè w te achte pas an Jezi Kri a, epi w te sele pa Sentespri a sele, ou pa fè pati monn lan ankò, ni anyen ki asosye ak mond lan. Ou se pwopriete Bondye a.

73 Yon lòt bagay, se, yon So se yon "sekirite." Sele vle di ou garanti. Koulye a, ou menm ki pa kwè nan sekirite Etènèl, M pa konnen, ou wè. Ebyen koulye a, men, yon So vle di sekirite jiska destinasyon l. Malè a nonm sa a ki ta eseye brize So sa a! Epi So Sentespri a pa ka brize.

74 Nou tout te tande m di ke gen moun ki di, "Dyab la te fè m fè sa." Non, non, dyab la pa t fè l. Ou jis pa t sele anndan. Paske, lè w sele anndan, li sele deyò. Wi. Ou wè? Koulye a, ou soti al jwenn li. Uh-huh. Li pa t kab antre nan ou, paske sèl fason pou l antre nan ou vin de menm pwosesis la ke ou genyen an. Li ta dwe sove, sanktifye, a ranpli ak Sentespri a, alòs, li ta dwe frè w. Konsa, ou wè, kifè li-li pa t fè l. Non, non. Ou jis ale nan fwontyè a epi retounen, konvwate bagay nan mond lan. Ou pa janm te ale byen lwen nan peyi Kanaran, ou wè, lòt bò larivyè Jouden, mouru a oumenm. Ou wè?

75 Bon, remake, kounye a, Liv sa a sele. Epi-epi w sele, avèk Liv la, jouk Jou Redanmsyon an.

76 Yon fwa ankò, nan Women 8:22 ak 23. Ann jwenn li, epi nou pral bay kontèks sa a, apre sa M panse ke nou pral konprann Li yon ti kras pi byen si chak moun li l pou tèt yo. M ap ba w kèk Ekriti la a, pou n ka — nou ka gade yo, epi pandan ke l ankò bonè. Koulye a, 8, Women 8:22, pou kòmanse. Paske nou konnen tout kreyasyon an ap plenn e ap souffri nan doulè ansanm jouk koulye a. Epi se pa yo sèlman, men noumenm tou, ki gen premye fwi Lespri yo, menm noumenm n ap plenn nan noumenm, ap tann adopsyon an, pou rann temwayaj, redanmsyon kò nou an.

77 Oh, lala! Oh, lala! Èske sa pa fè nou vye zanmi yo santi nou byen? Li ta dwe fè nou tout santi nou byen, ap tann moman sa a. Nou konprann sa ap fèt nan premye rezirèksyon an. Ou wè? Lanati ap plenn. Nou ap plenn. Tout bagay ap plenn, paske nou reyalize gen yon bagay

ki pa mache. Epi sèl fason w ka plenn, epi tann li, se paske te gen yon nouvo vi ki antre la a, ki pale de yon mond nouvo.

78 Tankou madanm nan, pa gen lontan, nou te al nan makèt la bò isit la. Epi M te di , "Nou jwenn yon bagay etranj; yon dam te gen yon ròb sou li. " Epi sa te tèlman etranj, Ou wè. Yo, yo ap ... Prèske tout nan yo pa met ròb, ou wè. Epi, nenpòt kòman, yo manke memwa; yo soti rad sou yo. Konsa , nou ... Yo fè eksprè yo bliye.

79 Konsa, alòs, Meda te di m , li te di, "Bill, poukisa se konsa ?" li te mande.

80 "Oh," M te di, "se jis lespri nasyon an." Epi M, te di, "Lè w al an Almay, yo gen yon jan de lespri. Ale nan Fenlann, yo gen yon lespri nasyonal. Ou vin an Amerik, nou gen yon lespri nasyonal. "

81 Lespri nasyonal nou an se amizman, blag. Ou konnen poukisa? Nou te fonde sou Doktrin apot yo. Nou te fonde sou lidèchip nonm konsekan, tankou Washington, Lincoln. Men, nou te kite fondasyon sa a, e nou konnen ke sa tap vini pou nou. Nou konnen ke gen yon bonm atomik te gen non nou ekri sou li. Nou konnen esklavaj te layite devan nou. Ou pa bezwen twonpe tèt ou.

82 Sa raple m, tankou kèk nan komedyen sa yo, k ap desann anba a epi-epi ap di blag sa yo, epi kontinye konsa, epi medam yo af menm jan tou fanm, ak mesye yo, ansanm. Sa jis raple m yon ti gason ki tap travèse yon simityè a, li tap soufle, ap eseye fè tèt li kwè ke l pa pè. Se sèten , li te pè. Ou wè? Li pap twonpe pèsounn. Se pou sa l tap soufle a. Ou wè? Li ap eseye di ke l pa pè, men l pè . E se sa k pwoblèm lan, jodi a.

83 Men, oh, kal yon espwa beni pou kwayan an, kap leve men l yo, paske redanmsyon nou an ap pwoche. Lè li wè bagay sa yo ap parèt, se yon bon moman pou kwayan an.

84 Koulye a, bagay sa yo, se, kòn kap plenn. Èske w te janm remake yon pye bwa, ki jan lap lite pou lavi l? Li vle viv. Epi ou remake yon bèt, ki jan nan-nan lanmò, ki jan li lite. Ou remake yon moun, tout bagay, lanati ap plenn. Nou menm, nan noumenm, nap plenn. Ou wè? Nou konnen gen yon bagay ki pa mache. Nou wè, nan vèsè sa yo, ke yon bagay te pèdi, ni pou moun ni pou tè a. Kreyasyon an tout kalite, te pèdi yon bagay, paske nou wè nan Pawòl enspire sa a ke l ap plenn pou kèk rezon. Oumenm, ou pa plenn sof si gen yon rezon pou li. Jan m te pale de lank la, se yon rezon.

85 Se fason sa a nan priye pou malad yo; jiskaski w ka jwenn kòz la! M konnen remèd la, men m gen pou jwenn kòz la. Se poutèt sa vizyon yo tèlman nesesè e enpòtan; li revele sekre ki nan kè a, di moun ki kote l te fè erè l la, epi sa k dwe fè t. Ou wè? Pe enpòt ki kantite

medikaman ou pran, oswa ki kantite lwil ou vide sou tèt yo, oswa konbyen fò nenpòt moun nan ta rele sou ou; si gen yon bagay ki mal, li pral devwale l la menm. M te di "li," Sa se Satan.

86 Gade, jodi a, osi avanse ke nou ye, nan lamedsin, nou toujou pa konnen anyen sou bagay sa yo. Ou di, "Li gen kansè." Ebyen, se pa anyen. Sa, se-se jis non ke l ye. Sa se non sa yo non medikal la, kansè. Ki pa gen anyen a wè ak sa l ye a. Sa a se non ke n rele li l. Nou jis bal non, kansè. Men, reyèlman, ki sa l ye, dekonpoze l, se yon demon.

87 Koulye a, nou di "peche." Nou jis rele l peche. Dekonpoze l. Kisa peche ye? Anpil moun di, "Bwè, komèt adiltè." Non, non. Sa a se atribi peche. Ou wè? Se sa peche koze, ou wè. Men vrè peche a se enkredilite. Se la li ye — se la li nome l epi rele l. Si w se yon kwayan, ou pa fè bagay sa yo. Men, pe enpòt ki jan w vle eseye fè w sen, epi ki jan wap eseye relijye; si w fè bagay sa yo, ou se yon enkwayan. Sa a se Eskriptirèl.

88 Kounye a, gen yon bagay ki pèdi, epi l ap plenn. Li ap eseye retounen, pou retounen nan kondisyon orijinal li.

89 Èske ou ta imajine yon moun kap tonbe an deyò tè a, ap desann nan yon twou byen fon yon kote, epi li tap lite ap grenpe, ap rale? Yo dwe, pa kèk fason, soti nan twou sa a. Yo pa nan eta orijinal yo. Epi, fòlman, y ap rele ak fòs. Yo agripe yo nan mi yo, fè gwo bri, oswa fè kèk fason. Yo ap-yo ap plenn paske yo vle retounen nan eta orijinal yo.

90 Se poutèt sa yon moun, ki frape ak maladi, doulè ak soufrans. Gen yon lè yo pa t konsa, men yo ap plenn. Poukisa? Yo pa byen. Gen yon bagay ki mal. Epi yo ap plenn, e y ap eseye retounen nan kondisyon yo te ye lè yo te gen la sante.

91 Epi lè nati ak moun, jan Bib la te di, "ap plenn," li montre gen yon bagay ki fè ke yo pa nan kondisyon ke yo te dwe ye. Yo te tonbe de yon kote. Koulye a, nou pa bezwen okenn moun entèprete sa pou nou. Ou wè? Paske, anreyalite, nou konnen se te lavi etènèl ke yo te kite tonbe. Epi yo te pèdi dwa yo sou lavi etènèl, akòz de chit Adan ak Èv, ki te tonbe de lavi etènèl la, pou lanmò, nan jaden Edenn nan, epi yo te mennen tout lanati, anba yo, nan lanmò.

92 Yon pye bwa pat janm mouri, anvan Adan. Yon bèt pa ta mouri, anvan Adan. Epi gen yon sèl bagay ki pa ka mouri, e se Bondye, paske Li Etènèl. Epi se sèl fason nou ka toujou anpeche nou mouri, nou dwe gen lavi etènèl nan nou, pou nou se pitit gason ak pitit fi Bondye.

93 Men lè nou te mouri, jan m te di sa nan mesaj la maten an, pou nou fè peche, nou te vann dwa nesans pou nou te travèse fose sa a. Koulye a, nou depase limit Bondye a, lòt bò fose sa a. Koulye a, se sèten, lè Adan tonbe, nan lanmò, li te pote lanmò sou tout kreyasyon.

94 Kounye a, li te gen le lib abit moral. Yo te ba yo l menm jan ak nou, konsa pou fè yon chwa. Kounye a, Adan ak Èv, nan kòmansman an, te gen yon pyebwa ki se byen ak mal devan yo, e menm pyebwa sa a plase devan chak — e chak nan nou. Ou wè, Bondye pa fè pou Adan oswa pou Èv ... Ou di, "Bon, se fèt yo." Non, pa kounye a se pa sa. Se fèt ou. Ou pa ka mete l 'sou Adan kounye a. Ou dwe mete l 'sou tèt ou, paske sa ki byen ak sa ki mal yo plase devan w. Nou sou menm baz ak Adan e Èv.

95 Men, ou wè, lè nou te rachte, nou pa vle pwòp chwa pa nou ankò, men nou vle chwa l. Ou wè? Ou wè?

96 Kounye a, Adan e Èv te vle pwòp chwa pa yo. Yo te vle, yo te vle chèche konnen ki sa l te ye pou gen sajès, se konsa yo te teste l, epi l te lakòz lanmò.

97 Koulye a, lè yon nonm te rachte, li pa okipe l de bousdetid ankò. Li pa okipèl ankò de bagay mond lan, sajès mond lan. Li pa vle okenn chwa ditou. Kris la te chwa li, e se tout pou li. Li te rachte. Li jis pa vle mennen tèt li ankò. Li pa vle pèsonn di l ki kote pou l ale ak sa l dwe fè. Li jis tann epi pou jwenn chwa Kreyatè l a. Gade? Lè sa a, li ale nan Non Kreyatè l la, lè Kreyatè l la di l pou l ale. Ou wè?

98 Men lòm ap chèche sajès, vle jwenn, "Oke, pawas sa a trè bon; men yo peye m pi plis pase anwo a, kidonk pral la ba a. " Ou wè? Ou wè, sajès.

99 Kounye a, lè Adan te peche, li te koute rezonman madanm li olye li te kenbe Pawòl Bondye a, se sa k te fè Adan peche. Madanm li te rezone ak Satan, depi Lè sa a, li te pwodwi fwui a bay Adan, epi Adan te lache Pawòl la e chite.

100 Li te pèdi, eritaj li, tou, lè l te pèdi kominyon l ak dwa pou l gen lavi. Sonje byen, "le jou ou manje ladan l', jou sa a ou mouri." Men, lè li pèdi lavi l, li tou pèdi eritaj li nan lavi, paske l te konplètman gen kontwòl siprèm sou tè a. Li te yon dye sou tè a. Bondye se Bondye linivè a, toupatou. Men pitit gason l lan te gen tè sa a sou kontwòl li. Li te kapab pale, li te kapab nonmen, li te kapab di, li te kapab rete lanati a, li te kab fè nenpòt bagay li te vle. Gade? Men, lè l te fè sa, li te pèdi eritaj li.

101 Bon, Adan te kab di, "Se pou mòn sa a, isit la, deplase lòt bò la a," epi l ta fè l. Adan te kab di, "Se pou pyebwa sa a, isit la, rache epi plante bò la a," sa tap fèt. Ou wè? Paske li te gen konplèt, sipwèm kontwòl, tankou yon ti bondye anba Bondye Papa nou an, paske li te yon pitit Bondye.

102 Koulye a eske nou pa tap kab sispann isit la jis yon minit epi gen yon reyèl predikasyon! Ou wè? Oh! Lè sa a, si san an te netwaye nan moman sa a, sa kap pase kounye a? Ou wè?

Gade kisa Pitit Gason Bondye a, dezyèm Adan an, te fè. Ou wè? E L te di : "Zèv ke M fè yo, Nou menm tou nou pral fè yo tou". Ou wè?

103 Adan te pèdi eritaj li a, tè a. Koulye a, li te pase de men l a sila kel te vann nan, Satan. Li te vann lafwa li nan Bondye, pou rezònman Satan yo. Se poutèt sa, lavi etènèl li a, dwa l sou pyebwa lavi a, dwa l sou tè a, ki te pou li a, e satan te konfiske chak ti moso de li nan men l. Li pase de men l a satan. Se poutèt sa, kounye a, li te, li retounen e li te polye. Epi semans Adan te detwi eritaj ke Adan te dwe genyen, se tè a. Se vre, ou wè, semans Adan an.

104 M te kanpe, lòt jou, anba nan Tucson kote M rete a. Epi M tap pale ak yon moun, anwo sou tè mòn lan, map gade anba. M te di, "Ki sa w panse! Sèke, twasan ane de sa, vye Papago a desann soupa bò lal a sou charyo l yo, ak madam li ak timoun yo chita pa dèyè a a, te galope la a kèk kote epi te viv nan lapè. Pa te gen okenn adiltè, pa gen okenn wiski, pa gen okenn jwèt aza, pa gen anyen nan mitan yo. Yo te viv pwòp. Epi lou yo te desan la desann nan-siyaj la, chak swa, nan Tucson isit la, ap rele. Epi mesquite ak kaktis te fleri, nan alantou rivaj yo. Epi Jewova te gade l e l dwe te souri. Men blan an te rive la a, e kisa l te fè? Li te derasinen kaktis la. Li te polye peyi a, ak kanèt byè ak boutèy wiski. Li depafini ak moral nasyon an. Sèl fason li te kapab bat Endyen an se te detwui manje li yo, boufalo. "

105 Lè m tap li nan Tombstone, lòt jou, nan-mize a, e m te wè foto Geronimo yo. E anpil nan nou ta ka panse ke Geronimo te yon rebèl. Pou mwen, li te yon Ameriken otantik. Li te sèlman goumen pou sa k te jis, ke Bondye te ba li: yon peyi, yon nasyon, ak yon kote pou viv. M pa blame l. Men, lè sòlda blan yo te antre la a, epi, pa fòs, pran peyi a, epi touye yo tankou yon pakèt mouch. E yo te gen foto orijinal katye jeneral medikal Geronimo a, oswa lopital li. Se te de oswa twa kouvèti sou yon moso Mesquite. Epi yo te blese, reyèl, Ameriken otantik, Endyen, kap goumen pou dwa Bondye ba yo. E la a, Geronimo ak yon ti bebe ki pou li sou anch li, kanpe la kap gade pwòp vanyan sòlda yo, ap senyen, ap mouri, ki pa gen okenn penisilin oswa anyen, pa gen okenn fason pou ede yo; otantik, Ameriken ke Bondye chwazi! Epi ap rele l rebèl, ? Mwen rele l yon mesye.

106 Cochise pa ta janm rann tè li. Li te yon granmoun aje. Men, Lane Ameriken an, yo te tout abiye, epi yo soti deyò epi yo te al touye Boufalo. Yo te fè randone yo, e Sharpe te envante fizi pou Boufalo, epi yo te al la ba a epi yo te di, "Oh, m te gen you bon jounen jodi a," yo tap tire, sou kote yon-nan bwat yon machin, oswa yon machin pasaje yo. Te di, "Mwen touye karant jodi a." Karant boufalo, ki ta kenbe tout yon fanmi Endyen pou de zan oswa plis. Kisa yo te fè avèk yo? Kite yo kouche nan dezè a. Vye kadav yo gonfle tè a , epi fè move zòde nan zòn nan, lou yo manje yo.

107 Lè Endyen an te touye boufalo a, te gen yon seremoni relijiye. Li pran zago l, sere yo pou fè chodyè. Yo manje vyann li, jouk nan vyann ki sou tripay la. Yo pran tout vyann li, yo pann li, yo cheche l '. Po l te cheche, epi yo te fè rad ak tant. Pa te gen anyen ...

108 Men, lè nonm blan antre, Rebèl la se nonm blan an. Li se koken an. Apre sa, li vini epi touye boufalo yo, epi touye Endyen yo ak grangou.

109 Nenpòt moun ki otantik ta goumen pou dwa Bondye ba li yo. Se yon tach sou drapo Ameriken an, Sayo te fè Endyen Ameriken an. Apre tou, se pou yo l te ye.

110 Kisa ou ta panse si Japa - ... Japon, oswa-oswa kèk, Larisi ta antre, epi di, "Soti isit la! Debarase e de bò isit la a, "epi-epi fè nou menm ak pitit nou yo menm sa nou te fè Endyen yo? Men, sonje, nou te simen, e kounye a, nou pral rekòlte. Se lalwa Bondye a, ou konnen. Gen yon tan pou plante, epi apre, yon tan pou rekòlte. Mwen panse ke se byen domaj. Wi mesye.

111 Kounye a, kisa k te pase? Semans Adan ki te polye a te polye epi detwi peyi a absoliman. Èske w konnen Bib la di sa? Epi paske li te fè sa, semans polye Adan an, Bondye pral detwi yo. Ou vle li sa? Ann gade. M te genyen l ekri la a. Ale nan Revelasyon, chapit 11 la, epi nou pral wè. Al nan Revelasyon, chapit 11, epi nou pral wè sa Bondye te di sou moun k ap detwi tè a. Chapit 11 la, epi ann pran vèsè 18 la, mwen kwè ke se, 11:18. Nou pare. Epi nasyon yo te fache, epi kòlè w te vini (kounye a gade kòlè Bondye a), lè moun ki mouri yo, pou jije yo, epi pou w bay rekonpans a sèvitè w yo pwofèt yo, ak sen yo, e sila ki gen krent pou non w , piti kou gran; e pou ta dwe detwi — detwi moun ki detwi tè a.

112 Kisa yo pral fè? Rekòlte sa yo simen. Se sèten. Lè w wè peche ap kouri nan lari yo! Konbyen, nan dimanch swa sa a, konbyen adiltè ki pral komèt nan vil sa a aswè a? Konbyen fanm ki pral kraze ve maryaj li, nan ti twou tè sa a isit la, ki rele Jeffersonville? Konbyen ka avòtman ou panse ki anrejistre nan Chicago, nan trant jou? Ant ven senk ak trant mil chak mwa, san konte sa yo pa admèt yo. Ki kantite wiski yo bwè nan vil Chicago? Ki sa w panse k ap pase nan Los Angeles nan yon lannwit? Konbyen fwa non Seyè a te envoke pou gremesi, nan vil Jeffersonville jodi a? Èske li pi bon kounye a, oswa èske li te pi bon lè George Rogers Clark desann sou kannòt la? Ou wè, nou te absoliman polye tè a ak salte nou yo, epi Bondye pral detwi moun ki detwi mond lan. Bondye te di sa.

113 Mwen te toujou panse gen yon bagay nan mwen, tankou kanpe sou mòn yo epi gade jan Bondye ranje l.

114 Mwen rayi, Florid, kote yo jwenn pye palmis atifisyèl yo. Epi, oh,lala, m ta pito wè kwokodil yo ap tòde ke yo,nan dezè a, pase pou m ta wè tout fè wè epi bagay sa yo kap pase nan

Hollywood yo, ak tout sa ekla la ba a sa a, epi pakèt bann moun sou sa yo. Epi, oh,lala, m jis panse, "Yon jou! Yon jou! " wi.

115 Men, sonje Bib la di nou, nan Matye chapit 5, ke: "Moun dou a pral eritye tè a." Se vre. "Moun dou epi enb lan pral eritye." Jezi di: "Beni sila ki dou," sila ki senp lan, ki jis pap eseye vin yon gwo pakèt afè, "yo va eritye tè a." Jezi di sa. Wi. Bon, yo te polye l, e Bondye va detwi yo; men moun dou a pral eritye tè a, apre yo fin pirifye l.

116 Bon, o, la la! bon, tit pwopriyete ki te pèdi a te nan men Pwopriyetè orijinal la kounye a, Bondye Toupwisan an. Tit pwopriete pou tè a, pou Lavi Etènèl la, lè Adan te renonse a li, apre sa men sal Satan patka touche l, kifè li te retounen al jwenn Pwopriyetè orijinal li, Bondye Limenm. Nou pral wè sa, jis nan yon minit. La Li chita sou Twòn Li, avèk tit sa nan men Li, tit pwopriete a. [Frè Branham bat men l de fwa--Editè a] O, sa fè m santi m wenn. Tit pwopriete pou Lavi Etènèl la, rezime tit pwopriete pou Lavi Etènèl la, kan Adan te renonse a li pou sajès, olye de lafwa, li te retounen nan men Pwopriyetè a, Bondye Toupwisan an. Ala yon gwo bagay!

117 Dakò, l ap tann. Kisa sa t ap fè? Nan men Bondye, ap tann reklamasyon redanmsyon an. Li te fè yon chemen pou redanmsyon, li te fè yon chemen retou, e yon jou Redanmtè a va gen pou l retounen avè l. Ou wè ki kote n ap dirije nou kounye a? Nou pral obsève Zanmi sa ki chita sou Twòn lan. Dakò, ap tann reklamasyon redanmsyon yo, redanmsyon li.

118 Se kisa Liv Redanmsyon sa ye, tit pwopriyete sa, rezime tit pwopriyete a? Ou di, 'rezime'?" Kisa yon rezime vle di? Sa vle di yo te fè rechèch tounen dèyè nèt ale jis nan kòmansman l. Tankou ti--tankou ti gout lank sa maten an, lè li te frape klowòks sa, li te retounen dèyè nèt ale. E kan peche a te konfese epi tonbe nan San Jezikri, o, la la, li te pwodwi yon rezime, ki te retounen drèt al jwenn Kreyatè a ankò. Ou vin yon pitit Bondye. Rezime tit pwopriyete a nan men Toupwisan an. O, la la!

119 Redanmsyon l vle di tout posesyon legal de tout sa ke Adan e Èv te pèdi. O, la la! [Frè Branham bat men l ansanm yon fwa.] Kisa sa ta dwe fè yon Kretyen ki ne-de-nouvo! Posesyon legal rezime tit sa, tit pwopriyete pou Lavi Etènèl, vle di ke ou posede tout bagay ke Adan e Èv te pèdi. Fiouw! Ala yon bagay, frè? Posesyon tit sa!

120 Adan patka rankontre egzijans pou redanmsyon an. Apre l te pran konsyans ke li te pèdi l, ke l te peche e ke l te separe tèt li de Bondye, li te sou bò isit presipis la, kifè li patka rachte l. Li jis patka fè sa. paske li--li te bezwen redanmsyon, limenm, kifè li pat ka fè l.

121 Men lalwa te egzije yon Paran Redanmtè. Lwa Bondye a te egzije yon Paran Redanmtè. Ou bezwen note sa, "Paran Redanmtè," ou jwenn li nan Levitik 25.

122 Nou pap gen tan pou ta fouye sa konplètman, paske, ou konnen, chak--chak tèks yo t ap pran yon--yon nwit. Ou wè?

123 Men lwa Bondye a te jwenn yon ranplasan sibstiti. Bon, sa k t ap rive si Bondye pat ofri aksepte yon sibstiti? Men lanmou te fòse L fè sa. Poutèt, lòm pat gen yon chemen retou, e pat gen fason pou li pou l te retounen. Li te pati ale. Men gras Bondye te rankontre Paran Redanmtè sa nan Moun ki te Jezikri a. Lalwa te egzije l. Lagras te rankontre egzijans li yo. O, gras etonan, ala dous son sa ye! Lwa Bondye te egzije yon sibstiti inosan.

124 E kilès ki te inosan? Tout òm te ne pa sèks, apre kontak sèks, yo tout. E sèl sila ki pat fèt konsa, li te abandone dwa Lavi Etènèl li pou l te wa sou tè a.

125 O, lè m ap panse a Ekriti sa, "Paske Ou te rachte nou pou Bondye, pou nou kapab reye antan ke wa ak prèt sou tè a." O, la la! Kisa? Paran Redanmtè a! O, ala yon gwo istwa nou pral gen la!

126 Remake, lalwa te egzije yon Paran Redanmtè pou rachte yon bagay ki te pèdi. Lagras te rankontre egzijans sa nan Moun ki te Jezikri a. Yon Paran te dwe soti nan ras imen.

127 Bon, kijan nou t ap ka fè sa, alòske tout òm ki te ne te dwe...E tout moun ki paka wè ke se te yon ak seksyèl la, ebyen, li totalman avèg, ou wè, paske tout òm ki te fèt te ne de yon fanm.

128 E Bondye te egzije yon Paran Redanmtè, e Li dwe yon imen. O, la la! Kisa w pral fè kounye a? Lalwa te egzije yon Paran Redanmtè.

129 Bon, Li pat ka pran yon Anj. Li te dwe yon nonm, paske nou pa gen parante ak Anj lan. Nou gen parante youn ak lòt. Anj lan pat janm tonbe. Li se yon diferan kategori èt, li gen yon kò diferan. Li pat janm peche oswa anyen konsa. Li diferan.

Men lalwa te egzije yon Paran Redanmtè.

130 E tout òm sou tè a te ne pa sèks. Bon, èske w pa wè, men kote sa te soti. Se la peche te kòmanse. Kifè ou wè ki kote l ye kounye a? Men ni, semans sèpan w lan. Ou wè?

131 Bon, remake, sa te egzije yon Paran Redanmtè. E Redanmtè a, Paran Redanmtè a, dwe soti nan ras imen. Men ni, sa kite nou sou yon branch pyebwa a. Men kite m sonnen Twonpèt la pou ou. Nesans pa vyèj la te pwodwi--te pwodwi bagay la. Amèn. Nesans pa vyèj la te pwodwi Paran Redanmtè nou an. Se pat lòt ke Bondye Toupwisan an ki te vin Emanyèl, youn lan nou. Emanyèl! "Paran Redanmtè" A te fin pa vini. Ou wè kijan Bondye te fè yon egzijans,

e pa gen anyen nou te ka fè. Alò lagras te vini e li te kouvri lwa sa, pou pwodwi bagay la. Amèn! [Frè Branham frape men l ansanm yon fwa--Editè a]

132 O, lè w va rive Lakay! Lè m va gen ti gerit mwen an anba la; ke Frè Neville te chante sou li a. Lè nou tout va tande yon moun anba la, yon maten, ap chante, “Gras etonan, ala dous son sa ye, ki te sove yon vye pechè tankou m!” Ou mèt di: “Louwanj pou Bondye! Vye Frè Branham reyisi. Men ni, ou wè.” Wi, O!

Se lagras ki te anseye kè m pou l gen krent

Se te lagras ki te soulaje krent mwen yo;

Ala presye gras sa te parèt presye

Nan moman mwen te kwè dabò a!

133 Ret tann jouk nou rive la, jis nan yon moman! O la la! Bon gade. Liv la...

134 Liv Rit la bay yon bèl imaj de sa, kijan Boz...Ak Nawomi ki te pèdi privilèj la. Ou, ou konnen. Ou te tande m preche sou sa, pa vre? Leve men w si w te tande m preche deja sou sa. Kidonk, ou konprann, ou wè. Boz te dwe vin yon redanmtè. E li te sèl moun ki te kapab. Li te dwe yon paran, yon pwòch paran. E, pandan l t ap rachte Nawomi, li te tou gen Rit. Sa se te Jezi, Boz te yon tip de Kris. E kan Li te rachte Izrayèl, Li te tou gen Lepouz Moun lòt nasyon yo. Kifè alò, ou wè, sa si tèlman bèl! Nou genyen l sou bann, mwen sèten, isit la kèkpa, si w ta vle genyen l.

135 Bon remake, kounye a, Li oblije yon Paran. Kidonk, ou wè, yon Anj patka fè l. Yon nonm patka fè l; sa te dwe yon nonm, fòk li pat vin de yon fanm, de yon ak seksyèl. Kifè, nesans pa vyèj la, Lesentespri te kouvri Mari ak Ionbraj Li. Poutèt sa, Jezi pat yon Jwif. Jezi pat yon Moun lòt nasyon. Jezi se te Bondye. Se sa egzakteman. San L pat vin de okenn ak seksyèl. Li te sila ki sen an, San Bondye te kreye a. E nou pa sove pa san Jwif, pa san Moun lòt nasyon non plis. “Nou sove pa San Bondye.” Sa se dapre Bib la. Li di sa. “Nou sove pa...”

136 Kidonk, ou wè, Jezi te Bondye. Li pat okenn twazyèm Pèsòn, katryèm Pèsòn, dezyèm Pèsòn. Li te sèl Pèsòn lan. Li te Bondye, ou wè. Li te Bondye, Emanyèl. Bondye te desann kite Glwa Li, te revele Tèt Li. Mwen renmen istwa sa, Booth-Clibborn ekri a, gwo bèl kantik sa.

Desann kite Glwa Li, yon istwa toujou vivan,

Bondye Sovè m lan te vini, e Jezi se te Non L.

Ne nan yon etab, yon etranje pou Pwòp pèp Li,

Yon Nonm abitye ak tristès, dlo nan jye, agoni. O!

Se pa tikras imilite, ki te pote redanmsyon pou nou;

Alòske nan nwit lanmò a, pat menm te gen yon ti espwa;

Bondye, presye e tand lan, te met de kote mayifik bote Li,

Ap rabese l pou ap fè konkèt epi sove nanm mwen.

O ala m renmen Li! Ala mwen adore Li!

Li se respirasyon m, bèl solèy mwen, tout bagay mwen nèt!

Gran Redanmtè A te tounen Sovè mwen,

Gran Kreyatè A te tounen Sovè mwen,

E tout plenitid Bondye te abite nan Li.

137 Sa se Sila ki te rankontre egzijans lan. Lagras te pwodwi Moun ki te Jezikri a. E nou dekouvri, Liv sa kounye a...Bondye ki te deplwaye tant Li, li te pase de Bondye, a yon Nonm. Li te chanje baz Li pozisyon, Li te pase de Toupwisan an, a yon Nonm; pou L te pran fòm lòm, pou L te ka mouri, pou rachte lòm. Ret tann jouk nou wè Li, alòske pa gen “okenn moun diy.” Ou wè? Dakò.

138 Nan Bib la, nan Liv Rit, pandan w ap li l la, ou va jwenn ke yon tèl moun te rele “goel,” g-o-e-l. Yo te rele l goel, oswa, moun ki te kapab rankontre egzijans yo. Epi goel la te dwe gen posibilite pou fè sa, li te dwe gen dezi pou fè sa, e li te dwe yon pwòch paran, pi pwòch paran an, pou fè sa.

139 E Bondye, Kreyatè, Espri a, te fè L paran pou nou kan Li te fè L òm, pou L te ka pran peche nou sou Li, epi peye pri a, epi mennen nou tounen bay Bondye ankò. Men ni. Men Redanmtè a.

140 Kris rachte nou kounye a. Kounye a nou rachte. Men Li poko reklame posesyon L ankò. Bon, ou ka pa dakò ak sa, men jis tann yon minit, ou wè. Nou pral wè. Ou konprann? Li pat reklame l. Ou konprann? Si L te pran Liv Redanmsyon an, tout sa Adan te genyen ak tout lòt bagay ki te pèdi, Kris rachte l. E li deja rachte nou. Men Li poko pran posesyon ankò; Li pa kapab jouk tan make a. E alò rezirèksyon an va rive, e apre sa tè a va renouvle ankò. Epitou Li va pran posesyon, posesyon pa L ke L te genyen lè Li te rachte nou, men Li va fè l o tan make. O, la la!

141 Sa dekri nan Liv Sèt So sa ke n ap pale la. Dakò. Liv Redanmsyon an, tout sa dekri ladan l la. Tout sa Kris pral fè alafen pral revele pou nou semèn sa, nan Sèt So yo, si Bondye pèmèt nou. Ou konprann? Dakò. Sa va revele. Epi revele, pandan So yo ap brize e konfyè a nou menm, alò n ap kapab wè sa gran plan redanmsyon sa ye, epi kilè e kijan sa pral fèt. Tout sa kache nan Liv mistè sa la. Li sele, sele ak Sèt So, kidonk Ayo a se Li sèl Ki ka brize yo.

142 Bon...[Yon bagay distrè Frè Branham--Editè a] Ekskize m. Nou reyalize...

143 Kounye a, si w ta renmen gade nan Lèzekriti, ou ka ale nan Jeremi pou w dekouvri la. Kan li te--kan li--li ta prale nan kaptivite kite peyi a, ou konnen, li--li te achte nan men tonton l... Pitit tonton l lan te gen kèk--kèk pwopriyete, e li te pase pa bagay sa, ap mete so. E si nou ta pran l okonplè...Nou te wè sa tou nan Sèt Aj Legliz yo, so sa yo elatriye, ladan l.

144 Ou wè, yon so, nan Ansyen Testaman, se te tankou yon woulo, tankou sa. [Frè Branham pran fèy papyè pou bay egzanp woulo a, sele a, epi ouvèti woulo a--Editè a] E se te yon mistè, e mistè a te kache. Dakò, yo te sele l toutotou e yo te mete l la, pwopriyete pa entèl-entèl. Apre sa, pwochen mistè a te vlope toutotou de sa eritaj sa te ye, e li te woule sou anndan kote sa avèk endikasyon, pwopriyete pa--pa--pa entèl-entèl. E sa t ap desann jiskaske li fòme yon woulo, paske moun yo pat gen jan de liv tankou sa a lepòk. Se te sou fòm woulo, (konbyen moun ki konn sa?) yo te rele sa yon woulo. Ebyen, yon woulo sele, ou ka brize youn la, pou dekouvri sa mistè sa te ye, epi devwale l, e ou te ka wè kisa reklamasyon sa te ye. E apre sa ou te ka brize lòt la, pou w te ka wè kisa reklamasyon sa te ye.

145 E bagay la okonplè La se Sèt So, ki kenbe mistè Bondye yo depi fondasyon mond lan byen sele anndan La, epi ki revele pa sèt diferan So, ke, si Bondye vle, Li va kite nou dekouvri So sa yo pou ap gade atravè Liv la epi jwenn kisa tout bagay Sa yo ye. Ou konprann? O, m espere n ap gen yon gran moman! La mistè redanmsyon an sele jiskaske... So sou Liv sa pat kab brize pazavan Mesaj dènne anj lan.

146 Woulo a la. Nou konnen L te la. Nou konnen Se te redanmsyon. Nou kwè Se te redanmsyon. Jeremi di: "Woulo sa dwe gade..." Jan w li l la, se sa li ta pral di. Yo dwe gade L nan yon vaz terès. Ou konprann? O, ala yon bèl bagay la m te ka, on tijan, pale sou li. Woulo sa te dwe gade nan yon vaz terès, yon vaz ki te fè l chè yon lè (glwa!), li te mouri, resisite, epi yo te gade l nan yon vaz terès jouk nan moman acha a. O, la la! Bèl bagay nèt! Dakò.

147 Bon, Mesaj sa yo yo konsève tout jouk, vaz terès sa, jouk moman presi Bondye a, jouk dènne mesaje terès la. E tout sa moun sa yo te konn pran pou jije a, pou di: "Mwen konnen Sa la. Mwen kwè Sa la." Yo batay avèk Li, e yo sèvi avè L pou pwodwi de bagay. Pa lafwa yo

te kwè Sa. Men kounye a Sa pral vini a nou nan revelasyon, k ap soti nan men Bondye avèk konfimasyon. Bondye di sa. Li pwomèt li.

148 Bon, kounye a, ann gade. Ki kote, ki kote nou te ye la? Ann al nan vèsè 2 a kounye a. Sa te pran yon bon tan pou vèsè 1 an, men ann--ann--ann pran vèsè 2 a. Bon, pwobableman nou pap rete tout tan sa sou pwochen vèsè a.

E mwen te wè yon anj pwisan ki t ap pale ak yon gwo vwa, Kilès ki diy pou l ouvri...liv la, epi konsa brize so yo?

149 Bon, sonje. Annou li premye vèsè a ankò, pou n ka genyen yo ansanm.

... Mwen te wè nan men dwat sila ki te chita sou twòn lan...

150 Bondye! Kimoun sa? Gadyen orijinal Liv Lavi a san refleksyon posib. Li te kenbe L. Bondye fè sa. Kan Adan te renonse a Sa, Sa te retounen al jwenn Pwopriyetè orijinal Li. Se pou Li L ye.

E Jan (nan vizyon an) te gade e l te wè nan men dwat sila ki te chita sou twòn lan yon--yon liv ki te ekri anndan kou deyò, sele ak sèt so.

151 Ou wè, anndan! Bon, kan nou va rive nan ouvèti So sa yo, ou pral wè, Sa tonbe dakò avèk Lèzekriti, remonte dèyè nèt ale, pou chak so sa yo. Tout bagay la nèt, an antye, tout mistè a, blayi drèt la nan So sa yo. Ou wè? Chak mistè Bib la etann nan So sa yo. [Frè Branham frape senk fwa sou chè a--Editè a] E So yo pakab brize jouk moman sa. M ap pwouve l la, jis yon minit.

152 Remake. Bon, sonje, Liv la sele. Men youn, men Ni, so sa. Apre sa Youn ki vlope, sa fè yon So. Yon lòt vlope, sa fè yon So. Se yon Liv Redanmsyon. E tout bagay la nèt, an antye, fòm Liv la, e Sa sele ak Sèt So. Epi, konsa, li sou kouvèti a, poutèt li te woule. Mistè So a ou jwenn li anndan. E Sa di sèlman: "Kavalye cheval blan an," oswa: "Kavalye cheval nwa a," ak lòt baagay, sou deyò a. Men mistè tout Liv la ou jwenn li nan so yo, depi Jenèz jiska Apokalips. Plan konplè redanmsyon an ki revele nan Sèt So sa yo. O, se yon moman enpòtan. Ke Bondye ede nou pou nou ka sezi L! Ou konprann?

153 Bon, "E yon anj pwisan..." Vèsè 2 a kounye a.

...anj pwisan an, ak yon vwa byen fò, t ap di, Kilès ki diy...(Diy parapò a kisa?) Kilès ki diy pou pran liv sa,...

154 Bon nou dekouvri l. Ki kote Liv la ye kounye a? Nan men Pwopriyetè orijinal Li, poutèt yon pitit te renonse a Li, premye pitit Bondye a, pami ras imen an. E kan li te abandone dwa li, pou

I te tande Satan, li te abandone...Kisa I te fè? Li te aksepte sajès Satan olye de Pawòl Bondye a. Bon, èske nou pata ka rete la yon ti moman! Pitit Bondye va pran ide semine sou Sa, olye de Pawòl Bondye a. Ou wè, Adan te fè menm bagay la, li te renonse a dwa l. E kan I te fè sa, sa te retounen ale dirèkteman. Èske w wè ki kote aj sa yo te ye? Ou konprann? Sa te retounen drèt al jwenn gadyen orijinal li.

155 E Jan, an Espri, ki te kanpe la nan Syèl. Li jis te fèk monte kounye a, soti nan aj legliz yo, ou wè, li te wè aj legliz yo. E apre sa yo te fè l monte, nan katyèm chapit la. Li te di: "Monte piwo. Mwen pral montre w bagay ki pral rive."

156 E li te wè Youn ki te chita sou Twòn lan, avèk Liv sa nan men l, nan men dwat Li. Panse a sa, kounye a. E, apre sa te gen yon tit ki bay dwa a redanmsyon nan Liv sa, e Sa te sele ak Sèt So.

157 Alò yon Anj te vini, yon Anj pwisan, ki t ap pale ak yon vwa byen fò, "Kilès ki diy pou louvri Liv la; pou pran Liv la? Kilès ki te kapab ouvri So yo? Kilès ki te kapab ouvri liv sa?" Ou wè, Anj lan te mande sa. Jan te wè l. E Li te di: "Kounye a, kimoun ki diy? Kite Li..." O, la la! Petèt se jis mwen menm ki santi sa, fason sa. "Men kite Li," Anj lan te di sa, "Kite Li..." Men Liv Redanmsyon an! Men plan redanmsyon an! Men sèl fason yo ka janm rachte w, paske men tit ki bay dwa a redanmsyon tout syèl la ak tè a! "Kite Li avanse, si Li vle." O la la! "Pale kounye a, sinon ke L fè silans pou toujou. Ke Li avanse pou reklame Liv sa. Kilès ki diy pou fè sa?"

158 E Jan di:

Pat gen Pèsonn nan syèl la ke yo te jwenn diy; pèsonn sou tè a ke yo te jwenn diy; pèsonn anba tè a, ki te janm viv epi mouri, te diy. Pèsonn pat diy.

159 Apèl Anj lan se te pou Paran Redanmtè a te parèt. Bondye te di: "Mwen gen yon lwa; yon Paran Redanmtè kapab--kapab yon ranplasan sibstiti. Kote Paran Redanmtè sa? Ki kapab pran L lan?"

160 E depi Adan, ap desann nèt ale an pasan pa tout apot yo, ak pwofèt yo, ak tout lòt yo, e yo pat jwenn pèsonn. Bon, kisa w panse de sa? "Pèsonn nan Syèl la, pèsonn sou tè a, pèsonn ki te janm egziste." Eli te kanpe la. Moyiz te kanpe la. Tout apot yo te kanpe la, ou pito--ou pito tout sa ki te mouri yo; tout moun sen yo, Jòb, saj yo. Yo tout te kanpe la, e pèsonn pat diy pou menm gade Liv la, ke yon sèl pran L pou brize So yo.

161 Bon kote pap la ak tout sa yo ki te antre la? Kote evèk ou a? Kote temwen nou yo? Nou pa anyen. Se vre.

162 Li te egzije ke Paran Redanmtè a avanse, si L te kapab. Men Jan te di: "Pèsonn pat diy."

163 Se pa ke pat gen moun diy la, kounye a, pa egzantp yon Anj; tankou, pa egzantp nou ta ka di, Gabriyèl, oswa Mikayèl. Men, sonje, sa te dwe yon pwòch Paran. Sonje, Jan te di la, “E pat gen m-o-u-n,” pa Anj, pa Serafen. Yo pat peche, men Yo te nan yon diferant kategori. Yo pat janm chite.

164 Men sa te dwe yon Paran Redanmtè. “Pat gen moun,” paske pat gen youn pami yo ki te rachte. “Pat gen moun ki te diy pou gade L.” O, la la! la la, non! Kidonk, sa te pran yon Paran imen. E se sa li te egzije, men Li pat jwenn li, okenn kote. Pat gen pèsonn. Okenn evèk, okenn achevèk, okenn prèt, okenn yerachi, anyen pat menm...pat menm gen ase sentete pou te menm gade Liv la. Fiouw! O la la, la la! Sa vrèman fò, men se sa Bib la di. Mwen jis ap site sa Jan te di.

Bib la di ke Jan te “kriye.”

165 Se pa tankou kèk moun te panse l. Mwen t ap tandè yon nonm ki t ap anseye sa yon fwa, li te di: “Jan te kriye poutèt li te dekouvri ke limenm li pat diy.” O! Tout moun sou enflyans Sentespri tap konnen diferan de sa, ou wè; sou enflyans enspirasyon Bondye, li t ap konnen diferan de sa.

166 Men, Jan te “kriye.” Men sa m panse ki te fè l kriye a. Se paske, si pèsonn pat diy pou ouvri Liv Redanmsyon sa, tout kreyasyon an an antye te pèdi.

167 Men Liv la, men tit pwopriyete a, e yo va remèt Li bay Paran Redanmtè ki ka rankontre kalifikasyon yo. Sa se Pwòp Iwa Bondye, e Li pakab souye Iwa Li, ou pito Li pakab defye Iwa Li. Ou wè? Bondye te egzije yon Paran Redanmtè Ki te diy, Ki te gen mwayen pou fè l. Ki te gen sipò pou fè l.

168 E Anj lan te di: “Kounye a kite Paran Redanptè sa a avanse.”

169 E Jan te gade. Li te gade patou sou latè. Li te gade anba tè a. E pat gen pèsonn. La, kreyasyon an ak tout bagay te pèdi. Se nòmal, pou Jan te kriye. Tout bagay te pèdi.

170 Kriye l la pat dire plis ke yon minit, sèlman. Alò youn nan ansyen yo te kanpe la, pou di: “Pa kriye, Jan.” O, la la! Kriye l la pat dire plis ke yon minit.

171 Jan te panse, “O, la la, kote Moun lan? Men pwofèt yo ki te kanpe la; yo te ne menm fason ke mwen. Men saj yo ki te kanpe la. Men yo ki te kanpe...O, èske pa gen pèsonn moun la?”

172 “Mwen vle yon Moun ki gen kapasite pou fè sa, Mwen vle yon Moun ki ka rachte.”

173 E yo pat ka jwenn li, kifè Jan te dekouraje. O, tout bagay te pèdi; e li te kriye lèd. E li--li te tris, paske tout bagay, tout kreyasyon an an antye, tout bagay te ale, si yo patka jwenn yon

moun ki te ka rankontre egzijans sa, men...tout èt imen yo, ak tout mond lan, epi tout kreyasyon an, ki te pati. O, tout bagay te chite. Dwa pou--pou--pou redanmsyon an, dwa pou--pou Lavi Etènèl, pou Limyè, tout dwa sa yo te abandone, e pat gen pèsonn ki te kapab peye pri a. E Jan te kòmanse ap kriye, paske pèsonn pat diy, e pèsonn patka menm gade Liv la. O, sa te pran yon èt imen. Jan te kriye, paske pèsonn patka fè l, e tout bagay te pèdi.

174 E yon vwa te soti nan youn nan ansyen yo, ki te kanpe nan mitan kat Èt vivan yo ak tout gran envite Selès yo, pou di: “Pa kriye, Jan.” O, la la!

175 [Frè Branham frape men l yo ansanm de fwa--Editè a] Gras Bondye!

176 “Piga w gen kè brize, Jan. Pa kriye. Paske Lyon tribi Jida a, Rasin ak Desandan David la, Li te pote viktwà.”

177 Pote viktwà vle di “lite avèk, epi venk.” O, la la! Jaden Jetsemane a, kan San t ap koule desann sou figi L, Li t ap venk la. Ou konprann? Fiouw! Ou wè?

178 “Lyon an, Rasin David la, te pote viktwà, te venk.”

179 Tankou Jakòb, ki te yon twonpè. E kan li te antre an kontak avèk Anj lan, li te lite. E Anj lan t ap eseye chape poul li. Li te di: “Mwen--mwen jis pap kite W ale.” Li te lite jouk li te jwenn sa l te vle a. E Non l te chanje, de twonpè, ki vle di “mèt dam.” A kisa? A “yon prens ki avèk Bondye,” Izrayèl. Li te pote viktwà.

180 E Lyon tribi Jida sa, Rasin David la, te pote viktwà. Li te di: “Pa kriye, Jan. Paske Lyon tribi Jida, Rasin David la, te pote viktwà. Li te deja fin venk. Li te fè l. Se fini, Jan.” Fiouw! O, o, la la! Li te pwodwi yon klowòks ki te voye peche retounen nan men sal ak grès ki...ak sajès li, ki te souye l, èt imen an. Wi.

181 Men kan Jan te vire tounen gade, li te wè yon Ayo. Ala sa te diferan de yon Lyon! Li te di: “Lyon an te pote viktwà.” Ou wè, ankò, m ka itilize sa la, Bondye kache nan senplisite. Li te di: “Gen yon Lyon.” Se wa tout bèt yo. Lyon an te pote viktwà.” Animal ki pi fò ou genyen se yon lyon.

182 Mwen deja eksplòre jeng yo an Afrik, pou ap tandè ji--jiraf ap rele. E--e gwo, gwo tonton elefan, avèk twonp yo anlè, ap fè “Wi, wi, wi.” Ap tandè bèt--bèt sovaj nan dezè ap pouse kri tèrib lè yo fin touye. Epi makak ak--ak jouk...Billy Paul avè m te konn lonje nan yon vyep ti plas kouvri ak riban adezif. Pou ap tandè, a yon distans byen lwen, yon lyon gwonde, tout bagay nan dezè a te fè silans. Menm makak yo sispann rele. Wa a te pale. O, o, o, o, la la!

183 Kite m di w, sa se lè denominasyon ak dout va tonbe plat atè. Tout bagay vin trankil lè Wa pale. E Sa te Wa a, se Pawòl Li. O!

184 Li te di: “Jan, pa enkyete w. Pa kriye. Piga w abati, Jan. Mwen plase w la nan vizyon an; M ap montre w yon bagay. E Mwen konnen ou dechire, paske, ou konnen, pa gen anyen ki ka rachte, tout bagay pèdi; pa gen pèsonn ki ka rankontre egzijans lan. Men Lyon tribi Jida...”

185 Ou konnen, Jida...Nou te wè sa, ki sou tablo a la, ou konnen. Tribi Jida a, anblèm li, se te yon lyon.

186 Sonje, lyon an, ak--ak bèf la, ak...elatriye, figi yon nonm, elatriye. E sila yo ki ap gade Pawòl sa, Serafen sa yo, pandan ke yo tout, Mak, Matye, Lik e Jan, yo tout te kanpe toutotou Liv Ak la.

187 E m te tandè yon moun ki di, yon gran minis, ki te di: “Liv Ak la se jis echafo pou travay la.”

188 Se te premye Viy ke Legliz sen an te janm pwodwi. En-en! Wi, mesye. E si jamè Li ta dwe pwodwi yon lòt, sa va menm espès la tou. Wi, mesye! Ou jwenn kèk viy ki te grefe, e y ap pwodwi sitwon. Sa dwe zoranj. Men...Ou konprann? Kan Viy sa--Viy sa va pwodwi branch pa L ankò, Li va jis tankou orijinal la egzaktman.

189 E Matye, Mak, Lik, ak Jan, Levanjil sa yo te plase la pou ap gade Sa. Sajès lòm; pwisans lyon, travay bèf, e rapidite leyopa...ou pito èg. Wi, Evanjil yo te plase la! Pou kisa? Ou sonje lè nou te wè l la? [Kongregasyon an di: “Amèn.”--Editè a.] Se nan Sèt Aj Legliz yo.

Bon li te di: “Lyon tribi Jida.”

190 Poukisa li te soti de Jida? “O Jida, responsab lalwa pa pral pran devan, baton an ki plase ant jenou yo pap elwaye l, jiskaske Shiloh a va vini. Men Li va vini atravè Jida.”

191 “E lyon an, ki senbòl tribi Jida, te pote vikwa. Li te venk.”

192 E kan li te vire gade pou wè ki kote Lyon sa te ye, li te wè yon Ayo. Se etranj, w ap chache yon Lyon epi ou wè yon Ayo. Ansyen an te rele L yon Lyon. Men kan Jan te gade, li te wè yon Ayo, “Yon Ayo ki te tankou youn yo sakrifye depi fondasyon mond lan.” Yon Ayo ki te sakrifye. Kisa sa te ye? Kisa Ayo sa te ye? Li te kouvri ak san, blese. “Yon Ayo ki te sakrifye, men ki te vivan ankò.” E Li te kouvri ak san. O, la la!

Kijan w ka fè gade Sa, moun yo, epi rete yon pechè?

193 Yon Ayo te avanse. Ansyen an te di: “Yon Lyon ki te venk, lyon tribi Jida.” E Jan te gade pou wè Lyon an, e men yon Ayo ki t ap vini, ap tranble, ak San sou Li, ak blesi. Li te pote vikwa. Ou ka di li te sot nan batay. Yo te sakrifye L, men li te vivan ankò.

194 Jan pat remake Ayo sa anvan, ou konnen, la. Yo pat mansyone L anvan. Yo pat mansyone L okenn kote. Jan pat wè L, nan tout Syèl la, pandan li t ap gade a. Men men Li ki te avanse.

195 Remake kote L te soti. Ki kote L te soti? Li te soti nan Twòn Papa a, kote Li te chita depi yo te fin sakrifye L epi Li te resisite a. “Li te resisite epi chita aladwat Bondye, toujou vivan pou ap entèsede.” Amèn. Li te la resisite, jodi a, antan ke Entèsesè, ak Pwòp San L, pou ap fè entèsesyon sou baz inyorans moun yo. Bon, se de Sila mwen depann. Li ankò kouvri ak klowòks, klowòks ki pou padon peche a.

196 Jan te gade Ayo sa, e Ayo a sanble tankou yo te sakrifye. E apre sa li te remake ke Li te blese, filange, mètri, epi ap senyen. Yon Ayo kouvri ak san, se sa ki te pran plas nou. Èske se pa etranj, yon senp Ayo te oblije pran plas nou? E li te wè Ayo a, Li te reyisi.

197 Jan pat wè L, poutèt Li te tout an aryè dèyè nèt nan Etènite, ap fè entèsesyon; epi ap montre ke sa yo ki te vin jwenn Bondye, anba ofrann san towò ak bouk, yon ofrann ranplasman, Se Sa Li ye tou...Paske, sa yo ki te kwè sa, t ap anonse Li. Poutan San an potko vèse ankò, kifè Li te la pou delivre yo. Li te la pou delivre oumenm avè m.

198 E, O Bondye, m espere Li toujou la a aswè a. Pou chak pechè, Ayo a te sakrifye. Kijan Jewova ka fè wè lòt bagay ke Ayo kouvri ak san sa ki kanpe la!

199 E Ayo a te parèt nan vizyon an kounye a, alòske yo te fin sakrifye L. Remake, li te soti nan Twòn Papa a. O, panse! Limenm, ki kote Li te soti pou avanse, pou vin nan vizyon sa? Li te soti depi Laglwa, kote Li te chita ala dwat Bondye. Li te avanse, pou Jan, Li te soti kite Laglwa.

200 O, èske sa pa t ap yon bagay gloriye si panse peche nou yo, te ka mete de kote ase lontan pou aksepte L, aswè a, epi Li t ap avanse kite Laglwa, pou revele L Limenm a nou chak, aswè a.

201 Ayo a k ap avanse kite Laglwa, pou ap fè entèsesyon, dakò, pou ap fè reklamasyon kounye a pou redanmsyon Li! Sonje, Li t ap fè travay medyatè Li laba. Men, sonje, So sa yo te prè pou yo louvri, e Ayo a te soti nan sanktyè Bondye, Li te avanse vin devan.

202 Ret tann jiskaske nou rive laba, pandan inèdtan sa, pran “demi è” sa kote Se te silans. Sanktyè a plen lafimen. Pa gen entèsesyon ankò. Sakrifis la te pati. Se yon Twòn Jijman. Pa

gen okenn San sou li ankò, paske Ayo kouvri ak San an te al fè wout Li. Piga w tann jouk moman sa. Ou sonje nan Ansyen Testaman an? Toutotan san an pat sou syèj mizèrikòd la, se te jijman; men toutotan san an te la, te gen mizèrikòd. [Frè Branham frape senk fwa sou chè a--Editè a] Men kan Ayo a te al fè wout Li, se te fini!

203 Kisa L te ye? Li t on Entèsesè. Pa lòt moun! Di m kote Mari te ka fè entèsesyon lè sa. Kisa Mari te ka ofri? Kisa Sen Francis, Sen Asisi, oswa nenpòt, ak Sent Sesilya, pito, oswa nenpòt lòt èt imen? Jan pat janm wè mil sen (saints) ki sot nan medyatoryal la. “Li te wè yon Ayo, yon Ayo yo te touye, kouvri ak san.” Ki mele m konbyen sen yo te asasin; yo tout te merite l, chak nan yo. Tankou vòlè a te di sou kwa a: “Nou te fè peche, e nou merite sa. Men Nonm sa a pa f anyen.” Li te sèl Nonm ki te diy.

204 Men L vini, sot nan bwat entèsesyon an. Poukisa L ap vini kounye a? Gade L! O, o, o la la! [Frè Branham bat men l ansanm twa fwa—Editè a.]

205 Jan t ap kriye. Kote tout-tout ye? Kisa k pral pase?

206 Te di, ansyen an te di: “Pa kriye, Jan.” “Men Lyon an vini. Li te Sila k te genyen batay la.” Lè l te gade, men yon Ayo vini, kouvri ak san, ke yo te touye.

207 Nenpòt bagay yo touye kouvri ak san. Nou konnen, yo te touye l. Yo te fann kou l, oswa on bagay. San an sou tout kò l.

208 Men on Ayo vini, yo te touye. E L te vanse, o la la, (kisa?) pou L reklame redanpsyon Li. Amèn. O! O! Mwen...Èske n pa jis santi nou tankou n jis al nan on kwen, chita epi kriye on moman? Men yon Ayo vini, toujou kouvri ak san. Jan...Pat g anyen la a; tout selebrite yo te kanpe nan viwonn lan, men pat g okenn nan yo ki te ka fè l. Kidonk, men Ayo an vini, kounye a. Jou entèsesyon L yo fini, jou mediyasyon yo.

209 Sa se lè Zanj sa a pral kanpe la a. Ret tann jouk nou rive nan So yo. “E pap gen tan ankò.” Se vre. “Demi èdtan silans” sa a. Gad sa k rive nan demi èdtan silans sa a, lè Setyèm So sa a, dimanch pwochen nan aswè, si Seyè a vle.

210 Li avanse (kisa?) pou L pran sa L reklame a kounye a. O la la! Avanse pou pran sa L reklame a! Kounye a, Li te fè travay Paran an. Li te desann, vin Òm, te mouri. Li te fè travay Paran redanpsyon an, men L potko rele pou sa L reklame a. Kounye a Li vin sou sèn lan pou reklame dwa L, (gade sa k rive) o la la, sa yo te touye L pou li a, poutèt Li te vin kòm on Paran pou lòm, pou L mouri nan plas li, pou rachte li. Men, ansyen an te gen rezon lè l te di Li t on “Lyon”, ou wè. Ansyen an te rele L, te di: on “Lyon.” Paske, Li te yon Ayo, yon Entèsesè, on Ayo kouvri ak san, men kounye a L ap vanse tankou on Lyon. Jou entèsesyon L yo fini.

211 “Se pou sila k sal la toujou sal. Se pou sila k jis la toujou jis. Se pou sila k sen an toujou sen.” Bagay la fenmen. O, frè! Apresa kisa? Apresa kisa?

212 E, sonje, li vini nan setyèm laj legliz la, lè mistè Bondye yo ap louvri. Kounye a gade vrèman byen. S on bagay nou dwe konprann. Kounye a, Li t ap fè travay medyatè Li, ap fè entèsesyon pou kwayan an. Pandan demil an Li te dèyè la a, yon Ayo. Kounye a L ap avanse sot nan Letènite, pou pran Liv tit pwopriyete an, epi kase So yo, epi revele mistè yo. Ki lè? Nan fen tan an.

213 Èske n konprann li? [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.] Trè byen, n ap kontinye alò.

214 Kounye a, kase So yo epi devwale tout mistè yo ba yo, bay setyèm anj lan, ke Mesaj li dwe revele tout mistè Bondye yo. Mistè Bondye yo chita nan Sèt So sa yo. Ou wè? Se sa L te di isi a. Tout mistè yo chita nan Sèt So sa yo.

215 E Ayo an te avanse kounye a, sot kòm Medyatè ant Bondye ak lòm. Li vin on Lyon. E lè L vin on Lyon, Li pran Liv la. Sa se dwa L. Bondye te kenbe L, mistè an, men kounye a Ayo an vini.

216 Pèsòn pat ka pran Liv lan. Li toujou nan men Bondye. Pa pap, prèt, kèlkeswa sa l ta ka ye, yo pa ka pran (okenn) Liv la. Sèt So yo pat revele. Ou wè?

217 Men lè, Medyatè a, lè travay Li fini kòm on Entèsesè, Li avanse. E Jan...Ansyen an te di: “Li s on Lyon.” Epi L soti. Gade L. O la la! Ou wè? Li soti pou pran Liv lan, kounye a gade, pou revele mistè Bondye yo, ke lòt yo te sipoze se sa, nan tout laj denominasyon sa yo.

218 Ou wè, alò, setyèm anj lan. Si Liv sa a, mistè yo, se Pawòl Bondye a, setyèm anj lan dwe yon pwofèt, pou Pawòl Bondye an vin jwenn. Okenn prèt, pap, oswa nenpòt lòt bagay, pa ka genyen L; Pawòl la pa vin jwenn sa yo. Pawòl Bondye a sèlman vin jwenn on pwofèt, toujou. Malachi 4 te pwomèt sa. E lè l vini, li t ap pran mistè Bondye yo, kote legliz la te nan konfizyon total ak tout denominasyon sa yo, “Epi restore Lafwa timoun yo tounen bay papa yo.” Epi apre jijman mond lan t ap frape, e latè ta pral boule. Epi apre jis yo t ap mache sou sann mechan yo, nan Milenyòm lan.

219 Èske n konprann li kounye a? [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.] Trè byen.

220 Lòt yo te sipoze se sa, nan laj denominasyonèl la. Men, ou wè, li dwe nonm sa a, setyèm anj lan nan...Apkalips 10:1-4 s on...Setyèm anj lan gen mistè Bondye yo ke yo ba li, epi l fini tout mistè ke yo te kite yo, atravè laj denominasyonèl yo.

221 Kounye a nou ka wè poukisa m pa frape frè m yo nan denomisayon. Se sistèm denominasyon an! Yo pa, pa gen okenn nesesite pou yo eseye konnen L, paske L pat ka revele. Sa se selon Pawòl la. Yo te sipoze Li, epi yo te kwè L te la a, epi pa lafwa yo te mache pa Li, men kounye a Li pwouve klè. Amèn. O la la, al on-al on Ekriti!

222 Kounye a gade. Alò se Li, Ayo an, ki pran pozisyon Wayal Li, lè sen L yo vin kouwone Li: “Seyè de seye, ak Wa dè wa.” Ou wè?

223 Ou wè: “Tan an pase.” Apokalips 10:6: “Pa gen tan ankò.”

224 Remake, gen “sèt kòn” sou Ayo sa a. Èske n te remake sa? “Gen sèt kòn.” Nou fèk wè sa. *Kòn* vle di “pwisans,” pou bèt la. E, remake, Li pat on bèt, paske L te pran Liv la nan men dwat Sila ki te chita sou Twòn lan. Ou wè? Remake. O la la!

225 M kwè m te gen sa ekri on kote; o, pou kase So yo, epi pou libere tit la, tit pwopriyete an, epi Mesaj la-la pou dènye anj lan. E L pran plas Wayal Li an. Se pou sa Lap avanse kounye a.

Kounye a gade, lè L soti, “Sèt kòn yo.”

226 Kounye a, lè l te wè Ayo sa a, Jan ap gade Li, Li-Li te sanble yo te touye L, kouvri ak san. Epi L te sot nan Letènite, epi L te sispann on Medyatè.

227 Apresa lapriye bay Mari otan nou vle! “Pat g okenn nonm nan Syèl, ni nan tè a, oswa pèsòn, okenn èt pyès lòt kote, ki te ka pran l.” Jan te menm kriye sou sa. O, zanmi Katolik, èske n pa ka wè sa? Pa lapriye bay on moun mouri.

228 Ayo an se sèl Medyatè an. Ou wè? Li te Sila a ki te soti. E kisa L te fè kounye a? Li te tounen isi a ap entèsede, jouk San L te fè ekspiyasyon pou tout moun. E Ayo an, kounye a, konnen kisa k ekri nan Liv la. Kidonk, Li te konnen depi nan fondasyon mond lan non pa yo te anndan La a, kifè Li te kanpe dèye isi a epi re-...epi-epi, men, te fè travay Medyatè kon sa jouk...travay medyatè, jouk tout moun ke yo te mete nan Liv lan te rachte, epi sa fini. E kounye a Li mache soti. Ou wè? Li te fè travay Paran Li. Li se tout...Nou konn sa travay Paran an te ye? Pou temwaye devan ansyen yo. Nou sonje Boaz te jete soulye l li, e latrize? Li te fè tout sa a kounye a.

229 Kounye a Li vin pran Epouz Li. Amèn. Li vini kounye a kòm Wa. L ap chache Rèn Li. Amèn. Amèn. Nan Liv sa a se tout sekre Li, vlope avè l, Sèt So yo. O, frè! Sèt So yo, ap ret tann Li vini. Remake.

230 Ann pran senbòl sa yo. Ebyen, li jis nevè. Nou gen twazè oswa plis, pou n ale. Nou gen...ann jis...Satan ap di m san rete moun sa yo ap fatige, kidonk m imagine yo fatige. Men an-ann pran sa a, kanmenm.

231 “Sèt kòn” yo te sèt legliz yo, ou wè, sèt laj legliz yo, paske se te pwoteksyon Ayo an. Se ak sa Li te pwoteje dwa L, sou latè, se t on Gwoup moun ke Bondye te voye ki te pwoteje; ou wè, kòn lan sou Ayo an.

232 “Sèt je” se sèt mesaj nan sèt laj legliz yo. “Sèt je yo,” sèt vwayan.

233 Èske n ta renmen ekri kèk Ekriti? Ann jis vire ladan l. Kisa n di, nou gen tout tan sa a? [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.] Trè byen. Ann al nan Zakari, Liv Zakari a, jis on ti moman, epi n ap-n ap li enpe nan sa.

234 Mwen-m pa vle kenbe nou twò lontan sou bagay sa yo. Epi-epi mwen...Men, poutan, m pa vle nou rate l. Kisa ki pi enpòtan pase sa? [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.] Ya. Kisa ki pi...[On moun nan asanble an di: “Frè Branham?”] Kisa? [“Ou pa mezire sa.”] Pa g anyen k pi enpòtan pase Lavi Etènèl pou on moun. Epi nou dwe-nou dwe konprann sa kounye a, epi-epi pou n sèten ke n konprann li. Trè byen. Trè byen, mesye.

235 E kounye a nou vle li Zakari chapit 3 an. M panse se sa, kounye a, Zakari 3. Nou pral jis pran senbòl sa yo isi a, si m gen Ekriti m yo ki ekri. M te jis ap rele toupatou, apremidi an, lè m manyen sa a. Kidonk m-m jis pa konnen si m byen genyen l, oswa non. M espere m genyen l. Zakari 3, ann wè si se...M gen 89 isi a, men li dwe 8 rive 9. Trè byen. Trè byen. M konnen l pa ka 89. Zakari 3:8 ak 9.

Koute byen, ou menm Jozye, granprèt la, ansanm ak prèt parèy ou yo ki la devan ou. Nou pral sèvi remak pou bagay ki gen pou rive a. M'ap fè sèvitè m' lan, sa yo rele BRANCH lan (Kris), vini.

Men m'ap mete yon wòch devan Jozye. Sou (wòch) wòch sa a gen sèt je. (Sèt Je) Se mwen menm ki pral make pawòl ki pou make sou wòch la. Se mwen menm Seyè ki gen tout pouvwa a ki di sa...M'ap pran yon sèl jou pou m' wete tout peche ki nan peyi a.

236 Kounye a ann vire nan Zakari 4:10, 4:10. Koute.

...Yo te pran ti konmansman sa yo pou anyen (Bondye nan senplisite, ou wè)? Men, ala kontan y'a kontan, e...wè Zowobabèl ap kontwole travay la, filaplou li nan men l! Zanj lan di m' ankò:...ak sila yo...ak sèt sa yo; sa yo se sèt je Seyè a ki wè tou sa k'ap pase sou latè.

237 “Sèt je yo.” Je vle di “wè.” Wè vle di “pwofèt, vwayan.” Ayo sa a gen sèt kòn, e sou chak kòn gen yon je, “sèt je.” Kisa l ye? Kris ak Epouz Li; sèt laj legliz yo. Te gen sèt pwofèt ki te sot la a, sèt vwayan, je. Kidonk, dènye a dwe yon vwayan. [Frè Branham te frape sou lestrad la de fwa antan l te di: “on vwayan.”—Editè a.] Trè byen.

238 Remake, Li pa yon bèt. “Li te pran Liv la nan men dwat Sila a ki te chita sou Twòn lan.” Kimoun Sa te ye? Pwopriyetè an-an, Pwopriyetè orijinal lan, ki te gen Liv Redanpsyon an nan men dwat Li. E okenn Zanj, okenn Èt Anjèlik, anyen lòt, pat ka pran plas la. “Epi Ayo plen san sa a te mache soti epi te pran Liv lan nan men L.” Fiouw! Kisa l te ye? Frè, sa se bagay ki pi siblim nan Letrikiti a. Amèn. Yon aksyon ke pa yon Zanj, pa anyen, pa ka fè l. “E Ayo an vini epi pran L nan men dwat Sila ki te chita sou Twòn lan.”

239 Kisa l ye? Kounye a Li pou Ayo an. Amèn. Lwa Bondye te egzije. Li se Sila ki kenbe L. Lwa Bondye te egzije on Paran Redanptè. E Ayo an soti, ap kenbe L: “M se Paran yo. M se Redanptè yo. Mwen kounye a...M te fè entèsesyon pou yo, e kounye a M vin reklame dwa yo pou yo.” Amèn. Gen sèlman Youn. “M vin reklame dwa yo. Nan sa, yo gen dwa a tout bagay ki te pèdi nan chit la, e M te peye pri an.”

240 O, frè! Fiouw! Èske sa pa fè nou relijiye andedan? [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.] “Se pa pa bon zèv ke n te fè, men pa mizèrikòd Li.”

241 O, tann on minit! E ansyen sa yo ak tout lòt bagay kòmanse jete kouwòn yo, epi diyite yo kòmanse met kò yo atè, ou wè.

Pèsòn, pèsòn pat ka fè l.

242 Epi L mache dwat nan men dwat Bondye, epi L te pran Liv lan nan men L, epi L te reklame dwa L yo. “M te mouri pou yo. M se Paran Redanptè yo. Mwen se. Mwen se Medyatè an. San M te koule. M te vin Òm. Epi M te fè sa a pou fè Legliz sa a tounen ankò, Sila a ke M te wè davans anvan fondasyon mond lan. M te prevwa L. M te pwononse L, Li t ap la a. E pèsòn pat kapab pran L, men M te desann epi M te fè l, Mwenmenm. M se Paran yo. M vin paran.” Epi L pran Liv lan. Amèn!

243 O, Kimoun k ap tann mwen La a aswè a? Kimoun ki Sila a, legliz, k ap tann La a? Ki lòt bagay ki te ka tann nou La a? Paran Redanptè sa a! O la la! Al on deklarasyon siblim, oswa jès!

244 Kounye a Li gen tit pwopriyete pou redanpsyon an. Li genyen L nan men L. Medyasyon fèt kounye a. Li genyen L nan men L. Sonje, Li te nan men Bondye, tout tan an, men kounye a Li nan men Ayo an. Kounye a gade. Tit pwopriyete redanpsyon an, de tout kreyasyon an,

nan men L. E L tounen reklame L, tou, pou ras imen an. Pa tounen reklame L pou Zanj yo. Te tounen reklame L pou imen an, ke Se pou li L te bay, pou fè pitit gason ak pitit fi Bondye ankò; mennen yo tounen nan jaden Edenn lan, tout bagay yo te pèdi; tout kreyasyon an, pyebwa yo, lavi bèt la, tout lòt bagay. O la la!

245 Èske sa pa fè nou santi n byen? Fiouw! [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.] M te panse m te fatige, men m pa fatige kounye a. Ou wè? Pafwa m panse m vin-ap vin twò granmoun pou m preche, epi apre m al wè on bagay kon sa, epi m panse m s on jenn gason ankò. Wi. En-en. Hum! Li fè w on bagay. Ou wè?

246 Paske m konn sa, ke gen Yon Moun La a k ap tann mwen. Gen Yon Moun ki te peye pri ke m pat ka peye. Se vre. Li te fè l pou mwen, Charlie. Te fè l pou ou. Li te fè l pou tout ras imen an. E kounye a Li vin reklame dwa redanpsyon Li. Reklame l pou kimoun? Pa pou Tèt Pa L; pou nou. Li se youn nan nou. Li se paran nou. O la la! Li se Frè m. Li se Sovè m. Li se Bondye m. Li se Paran Redanptè mwen. Li se tout. Paske kisa m te ye san Li, oswa kisa m te ka ye san Li? Kidonk, ou wè, Li se Tout mwen. E L kanpe La a kòm paran nou. E kounye a Li t ap entèsede pou nou, rive jouk nan tan sa a. E kounye a Li vini epi L pran Liv Redanpsyon an, pou reklame dwa L, de sa L te fè pou nou.

247 Yo mouri. Jezi di: “Sila ki kwè nan Mwen, menm si li ta mouri, l ap viv. Tout moun ki vivan epi ki kwè nan Mwen p ap janm mouri. Moun ki manje kò Mwen, ki bwè san Mwen, gen Lavi etènèl, e Mwen va resisite l nan dènnye jou a.

248 Pa gen pwoblèm, si li tonbe dòmi nan premye veye a, dezyèm, twazyèm, katriyèm, senkyèm, sizyèm, oswa setyèm, nenpòt kote li tonbe dòmi a. Kisa ki pral rive? Twonpèt Bondye a pral sonnen. Dènnye twonpèt la pral klewonnen, menm lè dènnye zanj lan ap bay Mesaj li a epi dènnye So a louvri. Dènnye twonpèt la pral sonnen, epi Redanmtè a vini pou l pran posèsyon rachte Li yo, Legliz Li, ki lave nan San.

249 Kounyeya, o, tout kreyasyon an nan men L kounye a, sou ki tout plan redanmsyon sele pa sèt So misterye, nan Liv sa a Li te pran an. Kounye a, gade. “E Limenm sèl ka revele Li bay nenpòt moun li vle.” Li te genyen Li nan men L, ou wè. Kounye a, Li te pwomèt sa ta pral rive nan tan sa a, kounye a, paske Li sele pa Sèt So misterye yo, Liv Redanmsyon an. Kounye a, gade. Kòm kounye a...

250 Zanmi, mwen te di nou, mwen pral kite nou soti a uitè trant, men mwen te mete sou kote twa oswa kat paj isit la, pou m rive sou sa. Alò mwen vle...Mwen deja depase nevè. Pou ke nou ka tounen demen.

251 Men kounye a nan Liv sèt So Redanmsyon sa a, ke Ayo a te pran, avèk Limenm, se Limenm sèl Ki te kab fè l. Epi Li te pran L nan men dwat Sila ki te chita sou Twòn lan, kounye a, pou reklame redanmsyon Li, pou reklame dwa Li yo. Pou reklame, pou mwen menm avè w, sa ki fè Li te rachte nou an, ou wè, retounen nan tout bagay ke Adan te pèdi nan jaden Edenn lan. Li te rachte nou pou retounen nan sa.

252 Kounye a avèk Ayo a, ak Liv la nan men Li, nou pare pou mande gras Li ak mizèrikòd Li sou nou, pou louvri Liv ki sele ak Sèt So yo pou nou, epi kite nou gade pi lwen pase rido tan an, jis yon ti kras. O, la la! Remake lè li te pran Liv la, tit pwopriyete a, sele, (jis kenbe sa nan tèt ou kounye a), epi li te brize So mistè a, pou revele yo, pou mennen yo ba Li, ou wè, bay tout sijè rachte L yo.

253 Kounye a, lè nou frape sa nan So yo, nou pral tounen la a epi wè nanm sa yo ki anba lotèl la, k ap kriye: “Seyè, nan konbyen tan, nan konbyen tan?”

254 Epi men Li la tankou yon Medyatè, sou lotèl la: “Jis yon ti tan ankò, jiskaske gen pi plis ki dwe souffri tankou nou.”

255 Men kounye a, Li soti isit la, nan dènye So sa a. Li pa Medyatè ankò. Li se Wa kounye a. E kisa Li fè? Si Li se yon Wa, Li dwe gen sijè. E sijè Li yo se sila yo ke Li te rachte, e yo pa ka vini devan Li jiskaske Li pran dwa redanmsyon an. E kounye a Li avanse, sot yon Medyatè; kote lanmò te mete nou nan tonb lan, Li avanse ak dwa yo. Amèn.

256 “E menm moun ki va rete vivan jiskaske Li Vini, pa dwe devanse moun k ap dòmi yo. Paske twonpèt Bondye a pral sonnen, nan dènye twonpèt la.” Lè dènye So a brize, epi lè setyèm zanj lan ap bay Mesaj Li a, “Dènye twonpèt la pral sonnen, e moun ki mouri nan Kris yo pral leve. Epi nou menm ki rete vivan nou pral anlve ansanm avèk yo, pou rankontre Li anlè a.” Li reklame! Li vini kounye a pou reklame posasyon Li—Li.

257 Siveye! Gade sa! O, la la! Li te brize So yo, revele mistè yo. Revele yo (ki kote?) nan dènye laj legliz la, sèl sa ki ret vivan. Rès yo ap dòmi.

258 Li di: “Si Li vini nan premye veye a, dezyèm veye a, twazyèm veye a, desann nan setyèm veye a.” Nan setyèm veye a, gen yon—yon lòd ki te soti, oswa yon apèl, “Gade, Lepou a ap vini!”

259 Epi lè yo te fè sa, vyèj k ap dòmi a, legliz nominal la, te di: “O, ou konnen, mwen—mwen kwè mwen ta renmen gen Sentespri sa a.” Èske nou remake Presbiteryen yo ak Episkopalyen yo? Èske nou te tande Mesaj mwen an nan Phoenix, pou mesye yo ki kanpe la, nan Vwa a epi la, ki di...? Ebyen, ki sa ki pwoblèm ak otè sa a, li di, “Sen Pè *Entèl entèl*”? Alòske, Bib la

di: “Piga w rele pèsonn, ‘Papa,’ konsa.” Ou wè, y ap dòmi avèk yo, se rezon sa a, men lè yo vini epi yo di: “Wi, nou kwè.”

260 Yon fanm jis rele yon lòt fanm, li di: “Ou konnen, mwen se Episkopalyen.” Li di: “Mwen—mwen—mwen te pale an lang, lòt jou a. Mwen kwè mwen resevwa Sentespri a, men, sh, pa di pèsonn.” Mwen doute sa anpil. Ou ta ka pale an lang. Men, ou mete yon nonm sou Dife, ki jan li pral fè ret trankil? Se vre. Ou wè? Ou wè? Li pa ka fè li.

261 Èske ou ta ka imajine Pyè, ak Jak, ak Jan, ak lòt yo nan chanmòt la, ki di: “O, nou resevwa Sentespri a kounye a, men petèt nou va fè mye jis rete trankil”? Frè, nan fenèt, pòt, ak tout bagay, yo te ale, soti nan lari a, aji tankou yon pakèt moun sou. Sa se vrè Sentespri a.

262 Men, ou wè, vyèj k ap dòmi sa a pat resevwa anyen, kanmenm. En-en. Se vre. Epi sonje, pandan ke yo t al eseye achte Lwil, sonje, Lèzekriti pa di yo te resevwa L.

263 Men pandan ke yo te soti deyò pou eseye achte L, gen yon son ki te retanti. Sa k te pase? Tout vyèj sa yo ki t ap dòmi yo, leve epi prepare lanp yo, “epi yo te antre nan Soupe a.” Èske se vre? [Kongregasyon an di: “Amèn.”—Editè a.]

264 Epi rès yo te rete la pou peryòd Tribilasyon an, se vre, “Kriye, plenn, ak manje dan.” Sa se legliz la, se pa Lepouz la; legliz la.

265 Lepouz la te antre. Gen tout yon diferans ant legliz la ak Lepouz la. Wi, mesye! En-en. “Li te antre nan Soupe Nòs la.” O, remake, gason! [Frè Branham bat men l yon sèl fwa—Editè a.]

266 So yo te brize (poukisa?) Nan dènye laj legliz la, pou revele Verite sa yo. Poukisa? Ayo a te brize So yo e Li te revele yo bay Legliz Li a, pou rasanble sijè Li yo pou Wayòm Li an. Lepouz Li, ou wè! O, la la! Li vle mennen sijè Li yo ba Li kounye a.

267 Kisa li ye? Soti nan pousyè tè a, soti nan fon lanmè a, soti nan twou yo, soti nan tout kote epi nan tout plas, soti nan—soti nan rejyon fènwa yo, soti nan paradi, kèlkeswa kote yo ka ye. Li pral rele, epi yo pral reponn. Amèn! Amèn! [Kongregasyon an di: “Amèn.”—Editè a.] Li pral rele, epi yo pral reponn.

268 Li vin chache sijè Li yo. Li te revele sekre Li yo, epi yo te wè L. “Epi pa ret tan ankò,” nan moman sa a. “Tan an fini.” Se fini. Dakò.

269 Li kite Twòn lan, pou L ka yon Entèsesè, kòm yon Ayo imole; pou L vin yon Lyon, yon Wa; pou mennen nan Jijman mond lan, ki te rejte Mesaj Li a. Li pa yon Medyatè.

270 Sonje ansèyman Ansyen Testaman an kounye a, pandan n ap Depeche n. Lè pat gen san ankò sou syèj mizerikòd la, kisa li te ye? Syèj Jijman an.

271 Epi lè Ayo imole a te mache soti nan Letènite, soti nan Twòn Papa a, epi Li te pran dwa Li, se te yon Syèj Jijman. Lè sa a Li pat yon Ayo, men yon Lyon, yon Wa, epi Li rele Rèn Li vin kanpe bò kote L.

272 “Èske nou pa konnen sen yo pral jije tè a?” Danyèl te di: “Jijman an te etabli, epi liv yo te louvri; e dimil fwa dimil de milye t ap sèvi L,” Wa a ak Rèn lan. “Epi yon lòt Liv te louvri, ki te Liv lavi a,” sa se pou legliz la. Epi Rèn lan ak Wa a te kanpe la.

273 Kòm meditasyon yon Cowboy te di:

Yè swa kòm mwen te lonje m sou preri a,

Mwen te gade zetwal yo nan syèl la,

E mwen te mande si janmè yon Cowboy

Te ka vole ale nan bèl plas sa laba a.

Gen yon wout ki mennen nan Rejyon kè kontan epi klere sa a,

Men, li fè sonb, santye a etwat, se konsa yo di,

Men chimen ki laj la mennen nan pèdisyon

Li afiche epi li anflame sou tout wout la.

Yo pale de yon lòt gran Pwopriyetè,

274 Li pale nan kondisyon lavi bèl li yo. Ou te janm nan yon Roundup, ou te kapab wè li an plen.

Yo pale de yon lòt gran Pwopriyetè,

E Li pa janm gen twòp bèt, se konsa yo di,

L ap toujou fè plas pou yon pechè

Ki prèt pou l mache sou chimen drèt epi etwat sa a.

Yo di Li pap janm abandone w,

Epi Li konnen tout aksyon ak chak rega;

Paske, pou sekirite, nou ta fè mye make,

Genyen non nou nan gran Liv Li a.

Paske yo di ke pral gen yon gran rasanbleman,

Lè kòboy tankou bèf san manman yo pral kanpe,

Pou yo make pa kavalye jijman yo, (pwofèt yo ak vwayan yo)

Ki afiche e ki konnen chak mak.

275 Si ou te janm nan yon rasanbleman bèt, ou wè bòs la kanpe deyò a, ak kavalye yo, k ap kouri nan mitan bann bèt yo k ap bouje. Li pral wè pwòp mak li a pase, epi li pral mansyone bòs la. Epi bòs la pral wè sa, li va souke tèt li ba li. Poni l lan ap kouri anndan an, alantou, alantou rekòt pakèt kòn konsa, li fè pwòp bèf pa l yo soti deyò. Ou wè?

Yo di pral gen yon gran rasanbleman,

Lè kòboy tankou bèf san manman yo pral kanpe la,

E kavalye jijman yo pral make yo,

Ki afiche la e ki konnen chak mak. (Ou wè?)

276 Alò li di:

Mwen devine mwen pral yon jèn ti animal ki pèdi,

Jis yon nonm ki kondane pou mouri, san mak, (limenm, yo fè yon soup avè l, ou wè),

Yo pral elimine ak pakèt vòlè bèt yo,

Lè Bòs kavalye sa yo va vini.

277 Nou wè Kiyès Li ye? Bòs kavakye yo. Se Ayo a, pou sèt mesaj yo ki afiche la e ki konnen chak mak. Ou wè? Hmm!

278 Remake, men Li ki vini. Li kite Twòn lan, kòm yon Entèsesè, tankou yon ti Ayo imole; pou vin yon Lyon, yon Wa, yo pote lemonn antye nan Jijman, sa a ki rejte a. Paran Redanmtè nou an alò se Wa sou tout bagay. Poukisa? Li genyen tit pwopriyete redanmsyon an. Tout Sa repoze nan men L. Mwen kontan mwen konnen l. Ou wè?

279 Alò Li reklame eritaj Li; se Legliz la, Lepouz la. Li reklame L.

280 Kisa Li fè lèfini? Li debarase L de rival Li a, Satan. Li jete l nan yon Lak dife, ak tout sa yo ki te enspire pa Satan, poutèt yo rejte Pawòl redanmsyon L lan.

281 Li se Wa kounye a. Gen Mizèrikòd ankò sou Twòn lan. Piga ou rejte òf Li a. Ou wè? Kavalye yo konnen egzakteman kiyès ou ye.

282 E, kounye a, advèsè Li a, ki te ba l pwoblèm pandan de mil an, antan li di: “Mwen ka fè sa m vle avèk yo. Mwen posede yo ankò. Yo se pou mwen. Mwen...Yo te pèdi tit la laba a.”

283 Men Li se Paran Redanmtè a. Li di ke Li laba kounye a pou fè entèsesyon. Men yon jou...

Li di: “Mwen pral mete yo nan tonm.”

284 Men Li te di Legliz la: “Mwen pral fè ou soti.” Ou wè? “Men, dabò, mwen dwe yon Entèsesè.”

285 Kounye a Li mache vini, Li soti nan Letènite laba a, sou Twòn Papa a, kote Li te chita antan ke yon Entèsesè. Kounye a, Li vini pou L ka Wa, o, pou dirije tout nasyon yo ak yon baton fè. Jijman an prè. O, frè, Paran Redanmtè nou an kenbe tout bagay. Se vre. Wi, mesye.

286 Kisa Li fè? Li defye advèsè sa a, Satan. “Se pou mwen yo ye kounye a. Mwen fè yo soti nan tonbo.” Epi Li pran tout mantè yo, ak sila yo ki pèvèti Pawòl la, ak tout sa k konsa, ak Satan, epi detwi yo nan Lak Dife a. Se fini pou li, kounye a. Li Jete yo nan yon Lak Dife. O, la la!

287 Ou konnen kisa? Mwen vle—mwen vle di yon bagay isit la anvan nou fèmen. Epi nou pral—nou pral depeche n. Remake. Nou rive kounye a nan vèsè 7 la. Men depi vèsè 8 la, rive desann nan 14 la, mwen vle nou remake sa k ap pase.

Tout sa ki te *nan syèl la*, ak tout sa ki te *sou tè a*...

288 Jis koute sa. Kite m jis li l kounye a. Mwen kwè ke li ta pi bon si mwen jis li l apati de Liv la, ak vèsè 7 la, ou wè. Epi siveye vèsè 6 la.

Epi mwen — epi mwen wè, mwen te wè, epi, men ni, nan mitan twòn lan ak kat èt vivan yo, ak nan mitan ansyen yo, yon Ayo te kanpe tankou yo te imole l, ki te gen sèt tèt...oswa sèt kòn (mwen vle di) ak sèt je, (nou jis eksplike li), ki se sèt Lespri Bondye yo voye sou tout tè a.

289 Ou wè, sèt laj legliz, sèt mesaj yo ki te kenbe Dife sa a limen. Ou wè? Dakò.

Epi li vini (Ayo a), li pran liv la soti nan men dwat moun ki te chita sou twòn lan—chita sou twòn lan.

290 Kounye a gade. E, lè Li te fè sa, gade sa k te pase. W ap pale de yon jibile! Kounye a sa se egzakteman So yo ki brize, ki pran plas li. Nou pral antre nan “demi èdtan silans lan,” jis apre sa. Siveye sa, epi nou pral kòmanse. Nou pral fini sa, dimanch swa, isit la. Epi koute byen kounye a. Èske ou prè? Di: “Amèn.” [Kongregasyon an di: “Amèn.”—Editè a.] Koute byen, kisa ki te pase lè Li te fè sa.

291 Lè tout kreyasyon an t ap plenn; pa gen pèsòn ki te konnen sa pou fè, epi Jan t ap kriye. “Men Ayo a ki te vini, ki te avanse!” Epi Liv sa a te nan men Pwopriyetè orijinal la, paske lòm te tonbe e li te pèdi L. E pèsòn pa t kapab pran l, ankò, pou rachte tè a; pa gen okenn prèt, pap, pa gen anyen, jan mwen te di. “Men Ayo a te avanse!” Pa gen okenn Mari, pa gen okenn sen sesi, ni sen sela. “Ayo a te avanse, benyen ak san, imole, epi Li pran Liv la nan men dwat moun ki te chita sou twòn lan.” Lè yo wè te gen yon Redanmtè; ak tout nanm yo—yo anba lotèl la, lè Zanj yo, lè ansyen yo, lè tout bagay te wè li, lè sa te fèt. Sa, ankò, pral pase nan lavni. Aswè a Li se yon Medyatè, men L ap vini pou sa. Gade.

Lè li te pran liv la, kat èt vivan yo ak vennkat vyeya yo tonbe ajenou devan Ayo a, yo chak te gen ap yo, ak gode lò yo plen ak pafen, ki se priyè sen yo.

292 Se sila yo ki anba lotèl la, ki te priye, sa fè lontan. Ou wè, yo te priye pou redanmsyon, yo te priye pou rezirèksyon. Epi isit la ansyen sa—sa yo t ap vide priyè yo devan... Paske, kounye a nou gen yon Reprezantan, nou gen yon Paran nan Syèl la, ki vini pou reklame dwa L yo.

Epi yo te chante yon nouvo chante, yo di: Ou diy pou ou pran liv la, epi pou ou louvri so yo: paske ou te imole, epi ou te rachte nou bay Bondye nou an (gade) pa san ou soti nan tout tribi,...lang, ak pèp, ak nasyon;

Ou fè nou tounen pou Bondye, wa ak sakrifikatè, epi nou va gouvènen sou latè.

293 Yo te vle retounen. E men yo la ki pral retounen, pou yo ka wa ak sakrifikatè.

294 Glwa pou Bondye! Mwen santi mwen byen ase pou m pale an lang. Gade. Siveye. Wi. Li sanble tankou mwen pa gen langaj ase; pou m te ka fè lwanj li avèk sa. Mwen bezwen youn ke mwen pa menm konnen.

295 Remake, “Epi mwen te wè...” Koute sa.

Epi mwen te wè, e mwen te tande vwa anpil zanj ...

296 Koute kalite jibile ki t ap fèt! Lè yo te wè Ayo a vini epi Li pran Liv Redanmsyon an, nanm yo te pran rele. Nou pral jwenn li. Tout, tout bagay, ansyen yo te tonbe atè. Yo te vide priyè

sen yo. Kisa? La te gen yon Paran ki te reprezante nou. Yo te tonbe sou figi yo. Epi yo te chante yon chante, epi yo di: “Ou diy, paske Ou te imole!” Gade kisa... Epi gade zanj sa yo!

Aprè sa, mwen wè, epi...tandè vwa anpil zanj alantou twòn lan ak èt vivan yo ak ansyen yo: e kantite yo se te dis mil fwa dis mil,...de milye; (Fyou! Remake!)

Yo t ap di ak yon vwa byen fò: Ayo a ki te imole a diy pou resevwa pwisans, richès, ak sajès, ak fòs, ak onè, ak laglwa, ak benediksyon.

297 Ala yon jibile ki te gen nan syèl la, lè Ayo sa a ki gid la, kite plas entèsasyon sa a, pou L vin isit la pou L antre an posesyon dwa L yo!

298 Ou konnen, sa te eksite Jan tou. Li dwe te wè non li ekri la. Lè So yo te brize, li dwe te reyèlman kontan. Koute sa li te di.

Epi tout kreyati ki nan syèl la, ak sou tè a, ak anba tè a,... tankou...andedan lanmè a, ak tout sa...nan yo, se nan yo, yo te tandè m, mwen t ap di: Benediksyon,...onè,... laglwa ,...pouvwa a, pou moun ki chita sou twòn lan, ak Ayo a pou tout tan...(amèn! amèn, e amèn! O!)

Kat èt vivan yo di: Amèn. Aprè sa, vennkat vyeya yo tonbe ajenou, yo adore moun k ap viv pou tout tan epi tout tan.

299 W ap pale de yon jibile, w ap pale de yon tan, lè Ayo sa a te avanse! Ou wè, Liv la menm te sele nan Syèl la, mistè yo.

300 Ou di: “Èske non m la?” M pa konnen. Mwen espere ke li la. Men, si li la, yo te mete l nan Liv la anvan fondasyon mond lan.

301 Men premye bagay, ki te reprezante redanmsyon an, se Ayo a ki te imole depi fondasyon mond lan ki te vini. E Li te pran Liv la, (glwa!) louvri Liv la, li brize So yo; epi Li voye L desann sou tè a, bay setyèm zanj Li a, pou l revele L bay pèp Li a! [Kongregasyon an kontan anpil—Editè a.] Men li. O, la la! Sa k te pase? Rèl yo, kri yo, alelouya yo, wen yo, pwisans la, laglwa, manifestasyon an! [Kongregasyon an kontinye kontan anpil.]

302 Epi vye Jan, ki te kanpe la, frè nou an, t ap kriye! “Franchman,” li te di, “tout bagay nan syèl la, tout bagay sou tè a, ak tout bagay nan lanmè a, te tandè m rele, ‘Amèn! Amèn! Benediksyon, onè, ak pouvwa, ak pwisans pou Sila k ap viv pou tout tan e pou tout tan.’”

303 W ap pale de yon moman kè kontan, lè So yo te brize! Jan dwe te gade epi li te wè depase rido tan an, li di: “Men Jan.” O, o!

304 Li te sitèlman kontan, jouk li te di: "Tout bagay nan Syèl la." Li dwe te vrèman kriye, pa vre? "Tout bagay nan Syèl la, tout bagay sou latè, tout bagay anba tè a, tout bèt, tout lòt bagay, te tandè m di, 'Amèn! Benediksyon, ak laglwa, ak sajès, ak pwisans, ak pouvwa, ak richès, se pou Li.'" Amèn!

305 Poukisa? Lè revelasyon an vini, ke Ayo a, Redanmtè a, Paran nou an, te vin soti nan Twòn medyasyon an e Li te avanse isit la pou L te pran posesyon Li. O!

Byento Ayo a pral pran Lepouz Li pou L rete toujou bò kote L,

Tout lame Syèl la pral reyini;

O, se pral yon bèl sèn pou wè, tout sen yo abiye an blan san tach;

Avèk Jezi yo pral gouvènen Etènèlman.

Oh, "Vin manje," Mèt la rele, (sou Pawòl la), "Vin manje."

306 O, mwen—mwen—mwen pa gen mo, ou wè.

"Vin manje, vin manje,"

Ou ka fè fèt sou tab Jezi a nenpòt ki lè, (Kounye a! Men, lè Li ale, pa gen okenn espwa.)

Sila ki te bay foul la manje, fè dlo a tounen diven.

307 Sila ki te di, ke: "Moun ki kwè nan Mwen, zèw ke Mwen fè yo li va fè yo tou." O, la la! Sila ki te pwomèt bagay sa yo pou dènye jou yo. Sila ki nan tan kounye a pou fè konnen revelasyon bagay sa yo. "Vin manje." O, pa rate Sa, frè m.

Kounye a, annou bese tèt nou jis yon minit.

308 Demen swa, avèk gras Bondye, nou pral eseye brize Premye So sa a, si Bondye vle brize L pou nou epi pèmèt nou wè revelasyon sa a ki te, "kache depi fondasyon mond lan."

309 Anvan nou fè sa, zanmi pechè, oswa manm legliz tyèd, èske w jis gen yon kat manm nan yon legliz, oswa èske w pa gen youn? E si ou gen sèlman yon kat manm, ou t ap byen fè tou si w pa ta gen youn. Ou bezwen yon Nesans. Ou dwe vini nan San an. Ou dwe vini nan yon bagay ki jis efase peche a, jouk pa gen okenn souvni ankò de li.

310 Si ou poko fè preparasyon, ankò, pou al rankontre Ayo a an lè a! E pa pouvwa a ki te bay a mwenmen m pa komisyon mwen an, ki te bay pa Bondye Toupwisan an, e ki te konfye a

mwenmen m pa yon Zanj, yon Kolòn Limyè, mwen òdone ou, nan Non Jezikri! Piga w eseye rankontre L ak sèlman yon kat manm nan yon lòj legliz sou tè sa a.

311 Vini, pandan ke Medyatè a, dapre sa mwen konnen, toujou sou Twòn lan, L ap fè entèsesyon. Paske, pral rive yon jou lè ou pral vle vini, epi pa pral gen okenn Medyatè. Paske si nou wè lè n ap viv la, nan setyèm laj legliz la, epi mistè Bondye yo vini sa yo genyen, avèk Lespri Bondye konfime ki montre tout sa Li te pwomèt nan dènye jou yo, konbyen tan ki rete? Zanmi pechè, vini.

312 Seyè Jezi, lè yo ap vin fè pita pi plis. Li ka menm pita pase sa nou panse. E nou kontan wè lè sa ap apwoche. Se lè ki pi bèl ke mond lan te janm konnen, pou kwayan an. Men, pou sila ki rejte a, se tan ki pi tris ki ta ka janm genyen. Pa t kapab jwenn mo nan alfabè a, lèt pou fè mo, ki ta ka eksprime pwoblèm ak lapenn k ap tann pi devan. E ni pa gen mo ki ka fòme, ki soti nan alfabè nou an, pou eksprime benediksyon k ap tann kwayan an pi devan.

313 Papa, ka gen kèk, aswè a, isit la ki san espwa. E yo se èt imen entelijan. E kounye a si San an toujou sou Syèj Mizèrikòd la, se pou Ayo a mache soti sou Twòn lan, pou vin nan kè yo, aswè a, epi revele yo ke yo pèdi. Epi ak men L benyen ak San, pou Li di: “Vini non, pandan ke li lè pou vini.”

314 Mwen remèt Mesaj la, Seyè, ak lapriyè mwen, nan men Ou. Fè tout sa Ou vle, Papa, nan Non Jezi.

Ak tèt nou bese.

315 Si ou pat satisfè demann sa a ak egzijans sa a! Si ou te sèlman fè konfyans nan legliz ou! Pat gen anyen ki te kapab rachte. Si ou fè konfyans nan entèsesyon kèk sen, ou ankò pèdi. Si ou fè konfyans nan travay men pa w, yon bagay ke ou te fè, bòn zèv, ou pèdi. Si ou fè konfyans nan—nan lapriyè manman w, oswa jistis manman w, papa w; si ou fè konfyans nan sa, ou pèdi. Si ou fè konfyans nan kèk sansasyon, kèk santiman etranj, kèk emosyon, nan pale an lang, oswa danse! Si se nan tout sa ou met konfyans ou, epi ou pa konnen Ayo a, pèsònèlman, ou pa konnen Li, alò, mwen òdone w devan Bondye, mete bagay sa a an òd, kounye a, ak Bondye.

316 Desann nan fon kè w, lapriyè. E jis rete senp, paske Bondye kache nan senplisite. Ou sonje, Bib la di: “Tout moun ki te kwè te ajoute.”

317 Epi pandan n ap priye pou ou, mwen gen konfyans ke ou pral pran (ou) sèl desizyon Etènèl sa a, “Seyè, mwen pral di: ‘Wi!’” Epi yon *desizyon* se yon “wòch.” Men akwa bon yon wòch san yon mason ki ka koupe l, pou fè fòm bilding lan, pou anfòm ak bilding lan? Alò, kite

Sentespri a koupe w de sa ke w ye, a sa ou ta dwe ye. Si ou se jis yon manm legliz rèd; si ou se yon pechè; kèlkeswa sa ou ye a; si ou san Kris, san Sentespri a, ke Bondye ba ou lapè, aswè a.

318 Kounyeya, Seyè, osi sanse ke mwen konnen kijan pou m vini, e osi—osi eskriptirè ke mwen konnen kijan pou m vini, mwen vini kounyeya avèk bagay sa yo mwen te remèt ba Ou, avèk Pawòl la. Mwen gen konfyans, Seyè, Pawòl la jwenn plas Li nan kè moun yo, aswè a.

319 Si gen moun isit la ki pa konnen, oswa ki pa gen asirans Prezans dous Sentespri a rete nan lavi yo; ke, kolè, oswa endiferans, oswa egoyis, oswa yon bagay te rache Bagay sa a nan men yo, li te elwaye yo de Li; oswa kèk kredo, oswa—oswa—oswa kèk sansasyon, te elwaye yo de dousè kominyon Bondye a; ke li ka kounye a delivre!

320 E ke Ayo a, ki benyen ak san, Paran sen ki vini mache soti nan Twòn lan, desann atravè Limyè mistik yo nan koridò Twòn Bondye a, te mache soti pou reklame eritaj Li! Bondye, pèmèt, aswè a, ke yo pral resevwa L. Se pou chak desizyon pran solanèlman, epi se pou yo rann tèt yo ba Li pou kont li Ki ka koupe yo epi fòme yo an pitit gason ak pitit fi Bondye.

321 Kounye a, nan lapriye solanèl, mwen fè sa jan m santi mwen kondwi pou fè l. Solanèlman, devan Bondye, jan L te pwouve tèt Li ba ou. Epi ou pat ko yon kretyen, oswa ou pat sa nou rele yon...Pa yon—pa yon—yon—youn k ap adere a yon denominasyon, men mwen vle di yon Kretyen ki ne de nouvo. Men ou kwè solanèlman Mesaj la se vre, epi oukwè solanèlman ke ou ka sèlman sove pa gras Bondye a. Epi ou kwè ke L ap pale ak kè w kounye a. Epi ou vle aksepte L, epi ou pare pou Pawòl Li a koupe ou soti nan sa ou ye a, epi fè ou sa ou ta dwe ye a. Èske w ap temwen menm bagay la, lè ou kanpe sou de pye ou? Si moun sa a isit la, epi li vle fè sa...ki sifi nèt ale a, kanpe sou pye w.

322 Papa nou ki nan Syèl la, mwen pa konnen sa pou m fè plis sinon pou m site Pawòl Ou a. Men moun kanpe sou de pye yo, ki santi yo ke yo poko kote yo ta dwe ye a, pare pou Anlèvman sa a, paske li ka pran plas anvan Premye So a louvri ban nou.

323 Epi, Papa, mwen priye pou yo. Mwen—mwen, kòm sèvitè Ou, mwen ofri lapriye sa a bay gran Entèsesè a, Kris. Pandan y ap priye, mwen ofri priye m avèk yo, sou Twòn ivwa Bondye a, kote Sakrifis Sanglan etabli la aswè a. E pi nenpòt ki lè ta ka soti nan Twòn lan, pou vin reklame posesyon Li, alò p ap gen okenn mizèrikòd ankò ki rete; se jijman.

324 Akòde, Seyè, ke moun sa yo sou de pye yo, ki kanpe; nan kè yo, fè konfèsyon yo, epi yo vle kite Lespri Bondye a fasone yo, epi koupe yo, epi fòme yo an wòch vivan, nan Kay Seyè Bondye a. Akòde li, Papa. Mwen remèt yo ba Ou kounye a.

325 Epi ou te di: “Sila ki va konfese M devan lèzòm, mwen va konfese I devan Papa M ak sen Zanj yo.” E kounye a Ou chita la, nan prezans tout moun, aswè a. Epi yo kanpe, konfese Ou. E, Seyè, si sa soti nan fon kè yo, osi sèten ke Pawòl Bondye a jis, W ap fè kounye a lapriyè pou yo, epi aksepte yo nan domèn gras ak mizerikòd San Ayo sakrifis la k ap netwaye. Epi y ap pou Ou, nan non Jezikri. Amèn.

326 Kounye a, ou menm ki wè moun sa yo kanpe sou de pye yo, jenn gason sa a *la*, epi yo kanpe, ou menm ki te santi ke tout peche ak kondanasyon disparèt. Mwen vle ou jis leve, kèk nan nou ki tou pre yo. Ba yo lanmen, epi di: “Frè, mwen pral priye pou ou. Sè m ap priye pou ou.” Jis ba yo lanmen, epi di: “Bondye beni nou.” Epi, kounye a rès la nan men Toupwisan an. Di: “Mwen pral priye, epi mwen pral fè tout sa mwen kapab pou ede nou antre nan Wayòm Bondye a.”

O, L ap rele jodi a!

O, Jezi ap rele!

Li rele avèk tandrès jodi a!

327 Eske nou renmen Li? [Kongregasyon an di: “Amèn.”—Editè a.] Èske Li pa bèl? [“Amèn.”] O, kisa nou ta fè san Sa? “Moun pa dwe viv ak pen sèlman; men pa tout Pawòl ki soti nan bouch Bondye, lèzòm dwe viv.” O, nourì m, Seyè, ak Pawòl la.

328 “Piga nou abandone rasanbleman nou ansanm, menm jan ak enkonvèti yo, e ankò plis kòm nou wè Jou a ap apwoche.”

329 Si Bondye vle, demen swa, ak gras Bondye, mwen pral eseye, ak tout sa ki nan mwen, pou mande Li pou entèsè-...entèsede, ke mistè So sa yo, alòske y ap brize, pral pwoklame Pawòl Bondye a bay pèp la.

Jiskaske mwen rankontre nou, Bondye avèk nou!

330 E kounye a mwen remèt sèvis la bay frè nòb nou an, Frè Neville, pastè a. Konbyen moun ki renmen Frè Neville? [Kongregasyon an di: “Amèn.”— Editè a.] Kounye a, nou tout renmen I. Vini, Frè Neville. Frè Neville, Bondye beni w, frè.